ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

І924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№92 (24.842) ● 2025 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 31, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэм къызэритамкіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакІуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум хэмыхьэу къалъытэ ІэнатІэхэм пэрытхэм, я улахуэхэм хэгъэхъуэным и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакІуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум хэмыхьэу къалъытэ ІэнатІэхэм пэрытхэм, я улахуэхэм 2025 гъэм шыщхьэуІум и 1-м къыщыщІэдауэ хуэдэ 1,10-кІэ яхухэгъэхъуэн, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакІуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум хэмыхьэу къалъытэ ІэнатІэхэм пэрытхэм, улахуэ зэрырат щІыкІэм и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм шыщхьэуІум и 8-м къыдигъэкІа Указ №55-УП-м ипкъ иткІэ зэрагъэувам икІи зи улахуэхэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакІуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум хэмыхьэу къалъытэ ІэнатІэхэм пэрытхэм, я лэжьапщІэхэм хэгъэхъуэным и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2024 гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №62-УГ-мкІэ зыхущІагъуахэм, япкъ иткІэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм мы Указым къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщІэным текІуэдэну мылъкур яхуиутІыпщын хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дызэрыт илъэсым и республикэ бюджетым щыщ ахъшэм къыхэкІыу.

3. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м №83-УГ

Гъуэгухэр зэрагъэпэщыж, лъэмыжь тралъхьэ

Тырныауз къалэм бадзэуэгъуэм и 21-м къыщеха псыдзэм къиша нықъусаныгъэхэр гъэзэкІуэжыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр щІэгъэхуэбжьауэ йокІуэкІ. Гулъытэ хэха хуащІу яужь итщ гъуэгухэр зэгъэпэщыжыным, цІыхухэм я псэукІэр зэлъыта ІэнатІэхэм я лэжьыгъэр зэблэу къыхэмыкІыу зэтеухуэжыным.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналымкІэ махуэ зэкІэлъыкІуэхэм жылагъуэр щыгъуазэ ищІащ а Іуэхухэр зэрызэкІэлъагъакІуэм.

Іэтащхьэм зэрыжиІэмкІэ, псыхъуэр гъэкъэбзэжыным, абы щызэтрихьа ятІэмрэ пшахъуэмрэ лъэныкъуэ егъэзыным яужь итщ, Бахъсэн псым къыпэзыкІухь гъуэгур зэрагъэпэщыжын папщІэ. Нэхъыщхьэу лэжьыгъэхэр щекІуэкІыр псым и сэмэгурабгъу Іуфэрщ. Абы къыдэкІуэу йолэжь Гержохан-Су псым телъ лъэмыжым къыпэзыкІухь гъуэгу щІыным, псори зэхэту метр 400 хуэдиз и кІыхьагъыу. Метр зырыз я бгъуагъыу бжьамии 9 далъхьакІэщ, гъуэгур метри 7 хуэдиз и бгъуагъыу ящІ, автомобилхэр тыншу зэблэкІыфын хуэдэу.

«Тырныауз щызэфІэкІащ Герхожан-Суу псым уэзрызэпрыкІыфын, пІалъэкІэ къэбгъэсэбэп хъуну гъуэгум ехьэлІа лэжьыгъэхэр. Ар пэгъунэгъущ иджыпсту зэрагъэпэщыж къэрал лъэмыжым. ГъуэгущІэ яукъуэдияр куэдкІэ нэхъ кІэщІщ икІи къэбгъэсэбэпыну нэхъ тыншщ, иджыри къэс зэрызекІуа, гипс заводым блэкІым нэхърэ», - щитхащ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым.

● Дызэкъуэту

Зыхуэныкъуэхэр хуаутІыпщ

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм мафІэсхэр гъэункІыфІынымрэ аварие-къегъэлакІуэ лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІынымкІэ и ІэнатІэм и унафэщІ Мэрзалы Аслъэн щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, я гупым псапащІэу сом мин 300-м щІигъу зыхуихьэсащ.

АХЪШЭМ щыщ Іыхьэр иратащ дзэ Іуэху хэхам хэтхэр дэІыгъынымкІэ КъБР-м Волонтер лэжьыгъэм зегъэужьынымкІэ и центр псапащІэ марафоным.

Урысей МЧС-м и щІыналъэ ІэнатІэм къыІэрыхьат дзэ Іуэху хэхар щекІуэкІ щІыпІэм ягъэкІуауэ къалэнхэр щезыхьэкІхэр зыхуэныкъуэхэм ехьэлІа лъэІуи, зэрахуэзэфІэкІкІэ зыщІагъэкъуащ.

Къащэхуахэр иратащ «Ди хэкуэгъухэм ядэІэпыкъунымкІэ волонтер зэщІэхъееныгъэ «Зы лъэбакъуэкІи фимыкІуэт» щІыналъэ ІуэхущІапІэм, дзэ Іуэху хэхар щекІуэкІым нагъэсын папщІэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

● Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм пщэдей я махуэщ

Адэжь лъахэмкІэ къэхъуапсэ дэтхэнэми и мурадыр кърехъулІэ!

Ди лъэпкъэгъу, ди хэкуэгъу лъапІэхэ!

Ди гуапэу дынывохъуэхъу Зи хэку къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэмкІэ. Абы дигу къегъэкІыж илъэс 27-кІэ узэІэбэкІыжмэ, 1998 гъэм шыщхьэІум и 1-м, къэхъуа Іуэхугъуэшхуэр. А махуэм, Урысей Федерацэм и унафэщІхэм я дэІэпыкъуныгъэкІэ, япэу ди хэкуэгъу гупышхуэ адэжь лъахэ лъапІэм къыщытеувэжащ – Косовэ автоном щІыналъэм щыщ адыгэ (шэрджэс) хэхэсхэр.

Къэрал куэдым щыпсэу адыгэхэр зыхэс лъэпкъэм пщІэ къыхуащІу, я ІэщІагъэщІэныгъэкІэ ехъулІэныгъэфІхэр къагъэлъагъуэу нобэм къызэрысар икъукІэ ди гуапэщ. Ауэ дэнэ щІыпІэ ахэр щыпсэуми, сыт хуэдэ бзэкІэ псалъэми, ягури я псэри ХэкужьымкІэ къэгъэзащ, ар я плъапІэу мэпсэу.

Апхуэдэу, нобэ Косовэм, Тыркум, Сирием, Израилым, Иорданием, Германием, США-м къикІыжа ди хэкуэгъуу 5000-м щІигъу Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм щопсэу. Абыхэм ящыщщ Сирием щыІа адыгэ 3000-р. Ахэр псори ди Хэкум и цІыху щыпкъэ хъуащ, абы и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІ. ЕхъулІэныгъэ яІэу жылагъуэм хыхьащ, ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм пэрытщ, дуней псом щызэбгрыдза адыгэ хэхэсхэм я зэпыщІэныгъэр ягъэбыдэ. И зэфІэкІым елъытауэ дыщыпсэу къэралми псори ещІэ абыхэм псэукІэ тынш, ехъулІэныгъэ яІэу я гъащІэр къызэгъэпэщынымкІэ.

ПщІэ зыхуэсщІ си къуэшхэ, си шыпхъухэ!

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщІакІуэ гупми сэри къыдбгъэдэкІыу гуапэу сынывохъуэхъу Зи хэку къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэмкІэ.

Фэ къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм фыкъыщыхъуащ, ауэ Хэкужьым хувиІэ зэпыщІэныгъэхэр лІэщІыгъуэхэм къызэпаудакъым, уеблэмэ зэрыбыдэу къэнащ. Фи лъахэм фыкъыщыкІуэжым, фэ гъащІэм щывгъэзэщІащ хэхэс щІэблэ куэдым я хъуэпсапІэр – сыт щыгъуи фи гум илъа щІым фытетын, фытелэжьэн. Дэ ди фІэщ мэхъу адыгэхэм (шэрджэсхэм) я Хэкужьым къэгъэзэжыныр зэпымыуну.

Къеблэгъэжахэр адыгэ щІыналъэм лъэ быдэкІэ щыувыну, щыбэгъуэну! НэгъуэщІ къэралхэм щыхэс ди лъэпкъэгъухэмрэ я Хэкужьыр здэщыІэ Урысеймрэ я зэпыщІэныгъэр ефІэкІуэну, адэжь лъахэмкІэ къэхъуапсэ дэтхэнэми и мурад дахэр къехъулІэну, лъэпкъым, ди къэралым къыхуэщхьэпэн Іуэху куэд длэжьыну Тхьэм тхузэфІигъэкІ!

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

ГуфІэгъуэм фрагъэблагъэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ щэнхабзэм и волонтёрхэмрэ шыщхьэуІум и 1-м фрагъэблагъэ Хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэм теухуауэ ирагъэкІуэкІыну Іуэху дахэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэ ІуэхущІапІэхэм (Тэрч, Лэскэн, Аруан районхэм щылажьэхэм) адыгэ джэгухэр щекІуэкІынущ, Шэджэм щІыналъэм «ТекІуэныгъэм и паркым» деж сыхьэт 18-м щыщІидзэнущ лъэпкъ макъамэм и пшыхь.

Налшык къалэм дэт ЩІалэгъуалэм я унэм сыхьэт 17-м щызэхашэнущ «Ди адэжьхэм я макъ» зыфІаща щэнхабзэ зэхыхьэр. Абы хэтынущ щІалэгъуалэ гупхэр.

Мы махуэшхуэр ди тхыдэр, анэдэлъхубзэр, лІэщІыгъуэкІэрэ къэгъуэгурыкІуа ди хабзэхэр хъумэным дызэрыхущІэкъум и нэщэнэщ. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ зи адэжь лъахэм къэзыгъэзэжахэми абыхэм гуапэу яІущІа хэкурысхэми я дежкІэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Гу зылъытапхъэ: Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэм теухуауэ щытынущ «Адыгэ псалъэм» и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэр. Абы хухэтхащ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я лъэпкъ газетхэм я номер зэгуэтыр.

ФІы зыщІэр фІы хуозэж

Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм игъащІэми къадэгъуэгурыкІуэ я щэнхабзэм и зы пкъощІэсщ зыхуэзэфІэмыкІхэм, дэхуэхахэм, зи Іуэху хуэмыщІахэм, щытыкІэ гугъум ихуахэм ядэІэпыкъуныр, щІэгъэкъуэн яхуэхъуныр.

АДЫГЭХЭМ хэт нэхъри нэхъыфІу къагурыІуэрт гъунэгъугъэр зыдигуэшхэр унэгъу пэлъытэ зэрыхъур, абыхэм я гуфІэгъуэри гуауэри ядиІыгъыну хьэкъ зэриІэр, нэхъыщхьэращи, я псэуныгъэрэ щыІэныгъэрэ зытеткІэ нэгъуэщІхэм кърапль фэр зыкъомкІэ зэрелъытар. Арат хьэблэми Іыхьлыми зи фэ къищ, зи Іуэху зэхуэмыкІуэ къазэрыхэмыкІынум хэти щІыхуэсакъыр.

ЛІэужьыр бжьиблкІэ мауэ, жаІащ адыгэхэм. Ди гуапэ зэрыхъунщи, ди щІыналъэм и щІыдэлъху лъэпкъхэм нобэми зэрахьэ нэхъыжьхэм къадекІуэкІа хабзэ дахэхэр, ІэщІыб ящІыркъым псапащІэ жэрдэмхэр. Абы и щапхъэщ Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэмкІэ къэрал институтым и студент хасэмрэ «ДызэщІыгъущ» зэгухьэныгъэм хэтхэмрэ иджыблагъэ ирагъэкІуэкІа Іуэхугъуэ щІагъуэр.

«Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэм» КъБР-м щиІэ щІыналъэ къудамэм илъэс зыбжанэ хъуауэ ирегъэкІуэкІ «ФІым и хъуреягъкІэ» зыфІища псапащІэ жэрдэмыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэхэм къыщызэрагъэпэщ а гукъэкІыр Іуэхугъуэ зыбжанэу зэхэтщ. Мызыгъуэгум а жэрдэмыр нэхъыбэу тещІыхьащ щытыкІэ гугъум ихуа бынунагъуэшхуэхэм щыщ сабийхэр щІэтІысхьэжа нэужь, зыхуэныкъуэну Іэмэпсымэхэр, зэреджэну хьэпшыпхэр, ахъшэр зэхуэхьэсыныр. Аращ гъуазджэм зи гъащІэр езыпхыну тезыхуа ныбжьыщІэхэри зыхыхьар.

Къыхэгъэщын хуейщ щытыкІэ гугъум ихуа бынунагъуэшхуэхэм зыщІагъэкъуэну хуейхэм я бжыгъэм махуэ къэс зэрыхэхъуэр, щхьэж хузэфІэкІкІэ сабийхэр гъэ еджэгъуэщІэм зэпэщу щІрагъэдзэжыным зэрыхуепІэщІэкІыр. ПсапащІэ Іуэхум зихуигъэувыж къалэнхэм ящыщщ сабийр еджэным къыщигъэсэбэпыну ІэмэпсымэхэмкІэ къызэгъэпэщыныр, щытыкІэ гугъум ихуа, зауэм и мафІэр зылъэІэса унагъуэхэм защІэгъэкъуэныр. Еджэныгъэм пыщІа Іэмэпсымэхэмрэ тхылъылъэхэмрэ щІалэгъуалэм «Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм иратыжащ, абы ахэр щІыналъэхэм зэбгритыкІыжынурэ, зыхуэфащэхэм лъагъэІэсыжынущ.

– Псапэм лъэпкъыщхьэ иІэкъым, дин гуэрми хэхауэ епхакъым, бзэ щхьэхуэкІи псалъэркъым. Псапэр цІыхугъэм и щылъхущ. Аращ дунейм цІыхуу тетым къагурыІуэ бзэри, динри, хабзэри. Ди адэжьхэм псапэ щащІэкІэ, ар щІащІэм щІэупщІэртэкъым, атІэ зи Іуэху хуэмыкІуэм и пІэ зрагъэувэрти, яхузэфІэкІынум хуэдизкІэ я мылъку хэІэбэрт, псапэ хатыкІырт. Дэри аращ дызэрыгъуазэр – цІыху дгъэгуфІэнырщ. Пщэдейрей махуэхэм къытпэплъэр зыми ищІэркъым, арыххэуи, фІы зыщІэр фІы хуэзэжынущ. Дэ ди нэгу къыщІэувэр фщІэрэ? Ди сабиигъуэр дигу къыдогъэкІыж, гъэ еджэгъуэщІэр къыщыблагъэкІэ ди адэ-анэхэр пІейтей зэрыхъуу щытар ди нэгу къыщІоувэж – ахэр зытегузэвыхьым дэри дызэщІиубыдэм ещхьу, нэхъ гумащІэ дыкъэхъурт, яхуэтщІэнур дымыщІэми, ди нэхъыжьхэм задэтщІыну дыхущІэкъурт. Апхуэдэ щытыкІэ дыщихуэкІэ, ди адэшхуэ-анэшхуэхэр ди утыкум къихьэрт, ди Іыхьлы гъунэгъухэр ди щІыбагъ къыдэувэрт – щхьэж зэрыхузэфІэкІкІэ дыкъихуапэрт. А махуэр гуфІэгъуэшхуэт, махуэщІт, гугъэзэгъэгъуэ зыгъуэта ди адэ-анэхэм я нэгум кърих псэхугъуэм дэри дыкъигъэнэщхъыфІэжырт. Ноби апхуэдэу къыщІэкІынщ, ауэ цІыхур зыхуейр нэхъыбэ хъуащ, еджапІэм кІуэхэм къыпагъэтІылъым и бжыгъэм хэхъуащ, а псори унагъуэр зэрыхуейм хуэдэу хузэмыгъэпэщынкІэ зыхуэІуа щыІэкъым, аращ дэри зымащІэкІэ щІэгъэкъуэн дыхъуныр дыщІигуапэри. Жэрдэмыр къыщыхэтлъхьэми, ар къыддэзымыІыгъа ди ныбжьэгъухэм къахэкІакъым, ари фІыгъуэшхуэщ, – жаІэ институтым и студент хасэм и пашэхэм.

Пэж дыдэу, дызытет дунейм фІым, дахагъэм, псапэм теухуауэ цІыхухэм игъащІэми яІа еплъыкІэхэм зыщихъуэжакъым. Зызыхъуэжыр псэукІэращ, абы узыкІэлъыщІигъэхьэркъым, зэ ульэпэрэпамэ, фІырыфІкІи зыужьыжыгъуэ уригъэхуэжыркъым. Апхуэдэу щыхъум, сыту насып-тІэ гууз-лыуз жыхуаІэр зыщІэ щІалэгъуалэ зэрыдиІэр, псапэм пылъ фІыгъуэр зищІысыр къызыгурыІуэхэр зэрыдимымащІэр. Студент щІалэгъуалэм къызэхуахьэса тхылъылъэхэм, дэфтэрхэм, тхылъхэм, псалъалъэхэм, зэрытхэ Іэмэпсымэхэм, лапхъэхэм уащыхэплъэкІэ, нэр игъэджылырт, ауэ абы укъигъэгумащІэу нэгъуэщІ зы Іуэхугъуи къыхэщырт – а псор зылъэІэсыну анэм и гум игъуэтыжыну псэхугъуэр зэрызыхэпщІэрт.

– КъызэрытщыхъумкІэ, уи щхьэм пщІэ хуумыщІыжу, уи щхьэр фІыуэ умылъагъуу, нэгъуэщІыр уи щхьэ пхуелъытынукъым, абы и гукъеуи зыхэпщІэнукъым. Аращи, сыт хуэдэ жэрдэмри къызыбгъэдэкІым и щхьэм къыщригъэжьэн хуейщ. «ФІым и хъуреягъкІэ» Іуэху щхьэпэр къызыбгъэдэкІхэм илъэс зыбжанэ хъуауэ зэпамыгъэууэ псапэ щІэным пылъщ, абы хуэныкъуэхэр зэрагъэгуфІэным иужь итщ. Ар долъагъу, зыхыдощІэ, цІыхухэм жаІэри зэхыдох. Арагъэнущ дэри а жэрдэмым дыхыхьэныр игъуэу къыщІэтлъытар, ди гукъэкІыр зыхуэгъэпсахэм зэралъэІэсынум шэч къытедмыхьэжу Іуэхум дыщІыхыхьар, – жаІащ ныбжьыщІэхэм.

Сабийхэм я гукъыдэжыр къэзыІэт, унагъуэхэм ятелъ хьэлъэ куэд ящхьэщызых «ФІым и хъуреягъкІэ» псапащІэ Іуэхум хэти хыхьэну Іэмал иІэщ. Ар шыщхьэуІум и 3 пщІондэ екІуэкІынущ. Курыт еджапІэм хуагъэхьэзыр сабийхэм ядэІэпыкъуну хуейхэр Налшык къалэм дэт, Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ уэрамым тет ЩІалэгъуалэм я унэм екІуалІэ хъунущ.

ШУРДЫМ Динэ.

Урысейм и къэкІуэнур доухуэ

Ди къэралым и къалащхьэ Москва щыщхьэуІум и 6-м къыщыщІэдзауэ махуитІкІэ щекІуэкІынущ УхуакІуэм и махуэр зэрагъэуврэ илъэс 70 зэрырикъум ирырагъэхьэлІэ зэхуэсышхуэу «Урысейм и къэкІуэнур доухуэ» зыфІащар.

ГУЛЪЫТЭ хэха зыхуащІ а махуэм зэхашэну а зэхыхьэр зэрыщыт дыдэм хуэдэу къыщагъэлъэгъуэнущ икІи къатынущ телевиденэмрэ радиомрэ я канал зыбжанэкІи, УФ-м УхуэныгъэмкІэ и министерствэмрэ абы и жьауэм щІэт ІуэхущІапІэхэм Интернетым щаІэ я сайтхэмкІи, езы форумым «строителироссии.рф» зи фІэщыгъэ и напэкІуэцІ щхьэхуэмкІи. Абы и фІыгъэкІи, зи гугъу тщІы зэхуэсышхуэм и егъэкІуэкІыкІэр зыхуэдэм щыгъуазэ зыщыхуащІыфынущ ди къэралым и зы дэтхэнэ плІанэпэм щыпсэухэми.

Урысей Федерацэм Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ и министерствэмрэ УхуакІуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ я щІэгъэкъуэну яублэ мы зэхуэсышхуэм зэришэлІэнущ зи лэжьыгъэм нэхъ хуэІэижьхэр, дэзыхьэххэр, къэрал къулыкъущІапІэхэм я лІыкІуэхэр, Интернетым и иджырей Іэмалхэм хуэшэрыуэхэр, нэгъуэщІхэри.

Іуэхум и къызэгъэпэщакІуэ нэхъыщхьэр «ШынагъуэншагъэмрэфІагъымрэ» зэгухьэныгъэрщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м «ШколакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм щытекIуахэмрэ пэрыт увыпIэ къыщызыхьахэмрэ, школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэмрэ анэдэлъхубзэхэмкIэ республикэ олимпиадэмрэ щытекIуахэм икIи ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтхэр гъэувыным и IуэхукIэ» къыдигъэкIа Указ №86-УГ-мрэ а УказымкIэ къащта Положенэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м «ШколакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм щытекIуахэмрэ пэрыт увыпIэ къыщызыхьахэмрэ, школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэмрэ анэдэлъхубзэхэмкIэ республикэ олимпиадэмрэ щытекIуахэм икIи ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтхэр гъэувыным и IуэхукIэ» къыдигъэкIа Указ №86-УГ-мрэ «ШколакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм щытекIуахэмрэ пэрыт увыпIэ къыщызыхьахэмрэ, школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэмрэ анэдэлъхубзэхэмкIэ республикэ олимпиадэмрэ щытекIуахэм икIи ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтхэм ятеухуа Положенэу а указымкIэ къащтамрэ мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Указым:

зэреджэм щIыгъужын «, школакIуэхэм я щIыналъэ олимпиадэхэм щытекIуахэмрэ пэрыт увыпIэхэр къыщызыхьахэмрэ щызыубыдахэмрэ» псалъэхэр;

1-нэ пунктым и япэ абзацым «(адэкIэ - олимпиадэхэм щытекIуахэм) икIи ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм (адэкIэ - саугъэтхэм)» псалъэхэр щызэхъуэкIын «икIи ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэу, школакIуэхэм я щIыналъэ олимпиадэхэу зэрыт гъэ еджэгъуэм тещIыхьауэ школакIуэхэм я олимпиадэхэм я лIэужьыгъуэу Урысей Федерацэм ЩIэныгъэмрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ и министерствэм хигъэхьахэм щытекIуахэмрэ пэрыт увыпIэхэр къыщызыхьахэмрэ зыгъэхьэзырахэм (адэкIэ апхуэдэу саугъэтхэм)» псалъэхэмкIэ;

2-нэ пунктыр мыпхуэдэу тхын:

«2. Саугъэтхэр мыпхуэдиз хъууэ ирату гъэувын:

Сом мини 100 - школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм щытекIуахэм, апхуэдэу ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм;

Сом мин 50 - школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм пэрыт увыпIэхэр къыщызыхьахэм, апхуэдэу ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм;

Сом мин 30 - школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуахэм, апхуэдэу ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм;

Сом мин 50 – анэдэлъхубзэхэмкIэ республикэ олимпиадэм щытекIуахэм;

Сом мини 100 - анэдэлъхубзэхэмкIэ республикэ олимпиадэм щытекIуахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм;

Сом мини 100 - школакIуэхэм я щIыналъэ олимпиадэхэу зэрыт гъэ еджэгъуэм тещIыхьауэ Урысей Федерацэм ЩIэныгъэмрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ и министерствэм олимпиадэ лIэужьыгъуэ псоми хигъэхьахэм пэрыт увыпIэхэр къыщызыхьахэм;

Сом мин 50 - школакIуэхэм я щIыналъэ олимпиадэхэу зэрыт гъэ еджэгъуэм Урысей Федерацэм ЩIэныгъэмрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ и министерствэм олимпиадэхэм я лIэужьыгъуэ псоми хигъэхьахэм пэрыт увыпIэхэр къыщызыхьахэм»;

3-нэ пунктым щIыгъужын «школакIуэхэм я щIыналъэ олимпиадэхэм щытекIуахэмрэ пэрыт увыпIэхэр къыщызыхьахэмрэ псалъэхэр;

б) Положенэм:

зэреджэм щIыгъужын «, школакIуэхэм я щIыналъэ олимпадэхэм щытекIуахэмрэ пэрыт увыпIэхэр къыщызыхьахэмрэ» псалъэхэр;

1-нэ пунктым и япэ абзацым «(адэкIэ апхуэдэу - саугъэтхэм, олимпиадэхэм щытекIуахэм) икIи ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм» псалъэхэр щызэхъуэкIын «икIи ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм, школакIуэхэм я щIыналъэ олимпиадэхэу зэрыт гъэ еджэгъуэм Урысей Федерацэм ЩIэныгъэмрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ и министерствэм олимпиадэхэм я лIэужьыгъуэ псоми хигъэхьахэм щытекIуахэмрэ пэрыт увыпIэ къыщызыхьахэмрэ (адэкIэ апхуэдэу - саугъэтхэр, олимпиадэхэр, олимпиадэхэм щытекIуахэр)».

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм мы Указыр гъэзэщIэн щIидзэн хуейщ 2025 гъэм щегъэжьауэ.

3. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м
№81-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтхэр 2025 гъэм школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм щытекIуахэмрэ абы пэрыт увыпIэхэр къыщызыхьахэмрэ, школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм, анэдэлъхубзэхэмкIэ республикэ олимпиадэм щытекIуахэм, ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтхэр 2025 гъэм етын школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм щытекIуахэмрэ абы пэрыт увыпIэхэр къыщызыхьахэмрэ, школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм, анэдэлъхубзэхэмкIэ республикэ олимпиадэм щытекIуахэм, ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм:

2024 - 2025 гъэ еджэгъуэм школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм щытекIуахэм

Несвит Полинэ Алексей и пхъум - школакIуэхэм шынагъуэншэу псэунымрэ Хэкур хъумэнымрэ я лъабжьэхэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм щытекIуам

ХьэцIыкIу Элинэ Iэбубэчыр и пхъум - школакIуэхэм шынагъуэншэу псэунымрэ Хэкур хъумэнымрэ я лъабжьэхэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм щытекIуам

2024 - 2025 гъэ еджэгъуэм школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм пэрыт увыпIэхэр къыщызыхьахэм

Iэрыпщэ Дамир Аслъэн и къуэм - школакIуэхэм шынагъуэншэу псэунымрэ Хэкур хъумэнымрэ я лъабжьэхэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм пэрыт увыпIэ къыщызыхьам

Джафаровэ Айдан Самир кызы - школакIуэхэм инджылызыбзэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм пэрыт увыпIэ къыщызыхьам

Дэхъу Амир Илья и къуэм - школакIуэхэм обществознаниемкIэ я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм пэрыт увыпIэ къыщызыхьам

ДыщэкI Исуф Артур и къуэм - школакIуэхэм географиемкIэ я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм пэрыт увыпIэ къыщызыхьам

Егъужьыкъуэ Дамир Вячеслав и къуэм - школакIуэхэм географиемкIэ я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм пэрыт увыпIэ къыщызыхьам

Жангоразовэ Нуржан Музигит и пхъум - школакIуэхэм щIыуэпсымкIэ я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм пэрыт увыпIэ къыщызыхьам

Карпов Эльдар Юрэ и къуэм - школакIуэхэм щIыуэпсымкIэ я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм пэрыт увыпIэ къыщызыхьам

Кульбаев Алий Ахъмэт и къуэм - школакIуэхэм географиемкIэ я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм пэрыт увыпIэ къыщызыхьам

МацIыхъу Умар Мурат и къуэм - школакIуэхэм географиемкIэ я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм пэрыт увыпIэ къыщызыхьам

Панковэ Алисэ Валерэ и пхъум - школакIуэхэм экономикэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм пэрыт увыпIэ къыщызыхьам,

2024 - 2025 гъэ еджэгъуэм школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм щытекIуахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм

ХьэцIыкIу Iэбубэчыр Александр и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм егъэщIылIа, «УнэтIыныгъэ куэдым щыхурагъаджэ республикэ гимназие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет IуэхущIапIэм шынагъуэншэу псэунымрэ Хэкур хъумэнымрэ я лъабжьэхэмкIэ и егъэджакIуэм-къызэгъэпэщакIуэм

Шыбзыхъуэ Марат Абдул и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм щадэлажьэ и лицейм шынагъуэншэу псэунымрэ Хэкур хъумэнымрэ я лъабжьэхэмкIэ и егъэджакIуэм-къызэгъэпэщакIуэм

Щипилов Андрей Евгений и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм щIэблэм щIэныгъэ гуэдзэ етынымкIэ и егъэджакIуэм,

2024 - 2025 гъэ еджэгъуэм школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм пэрыт увыпIэхэр къыщызыхьахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм

Акаев Ахъмэт Руслан и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм щадэлажьэ и лицейм географиемкIэ и егъэджакIуэм

Жыкъуэ Миланэ Хьэмзэтхъан и пхъум - Налшык къалэ округым и «Курыт еджапIэ №33» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ бюджет IуэхущIапIэм инджылызыбзэмкIэ и егъэджакIуэм

Къущхьэ Оксанэ Нурбий и пхъум - Налшык къалэ округым и «Предмет щхьэхуэхэр нэхъ куууэ щрагъэдж курыт школ №21» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ IуэхущIапIэм тхыдэмкIэ и егъэджакIуэм

Наумовэ Александрэ Владимир и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм щIэблэм щIэныгъэ гуэдзэ етынымкIэ и егъэджакIуэм

Покачайлэ Юлие Анатолэ и пхъум - Налшык къалэ округым и «Лицей №2» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм экономикэмкIэ и егъэджакIуэм

Тихоновэ Ларисэ Яков и пхъум - Прохладнэ муниципальнэ районым и «Прималкинскэ къуажэм дэт курыт еджапIэ» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм географиемкIэ и егъэджакIуэм - Энеев Т. М. и цIэр зезыхьэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм егъэщIылIа, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуазджэм, спортым, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ къыщыхэжаныкI сабийхэр къэзыгъэнаIуэ икIи абыхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъу «Антарес» щIыналъэ центрым щIэблэм щIэныгъэ гуэдзэ етынымкIэ и егъэджакIуэм

Халаевэ Джамилэ Марат и пхъум - Налшык къалэ округым и «Лицей №2» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм экономикэмкIэ и егъэджакIуэм

ХьэцIыкIу Iэбубэчыр Александр и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм егъэщIылIа, «УнэтIыныгъэ куэдым щыхурагъаджэ республикэ гимназие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет IуэхущIапIэм шынагъуэншэу псэунымрэ Хэкур хъумэнымрэ я лъабжьэхэмкIэ и егъэджакIуэм-къызэгъэпэщакIуэм

Шыбзыхъуэ Марат Абдул и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм щадэлажьэ и лицейм шынагъуэншэу псэунымрэ Хэкур хъумэнымрэ я лъабжьэхэмкIэ и егъэджакIуэм-къызэгъэпэщакIуэм

Щипилов Андрей Евгений и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм щIэблэм щIэныгъэ гуэдзэ етынымкIэ и егъэджакIуэм,

2024 - 2025 гъэ еджэгъуэм школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуахэм

Iэрыпщэ Дамир Аслъэн и къуэм - школакIуэхэм шынагъуэншэу псэунымрэ Хэкур хъумэнымрэ я лъабжьэхэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Ахэмын Азрэт Анзор и къуэм - школакIуэхэм математикэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Базиевэ Аминэ Iильяс и пхъум - школакIуэхэм урысыбзэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Березинэ Аринэ Александр и пхъум - школакIуэхэм гъуазджэмрэ обществознаниемкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Бэчкъан Ренат Мурат и къуэм - школакIуэхэм информатикэмрэ математикэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Бещтокъуэ Беллэ Жыр-Аслъэн и пхъум - школакIуэхэм инджылызыбзэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Блий Къантемыр Артур и къуэм - школакIуэхэм математикэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Боровинская Тамилэ Тамерлан и пхъум - школакIуэхэм щIыуэпсымкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Быков Тимур Олег и къуэм - школакIуэхэм технологиемкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Джэху Элинэ Азэмэт и пхъум - школакIуэхэм обществознаниемкIэ, къэрал хабзэмрэ биологиемкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Горохов Максим Геннадий и къуэм - школакIуэхэм информатикэмкIэ, биологиемрэ математикэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Джафаровэ Айдан Самир кызы - школакIуэхэм инджылызыбзэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Дэхъу Амир Илья и къуэм - школакIуэхэм обществознаниемкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Егъужьыгъуэ Дамир Вячеслав и къуэм - школакIуэхэм географиемкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Жангоразовэ Нуржан Музигит и пхъум - школакIуэхэм щIыуэпсымкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Къэгъэзэж Камиллэ Феликс и пхъум - школакIуэхэм гъуазджэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Къэжэр Ислъам Аслъэн и къуэм - школакIуэхэм технологиемкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Къазмыхь Темырлан Руслан и къуэм - школакIуэхэм франджыбзэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Къалэ Самир Рустам и къуэм - школакIуэхэм информатикэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Кантиевэ Анастасие Алан и пхъум - школакIуэхэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Карпов Эльдар Юрэ и къуэм - школакIуэхэм щIыуэпсымкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Кърымщокъал Марьем Рустам и пхъум - школакIуэхэм технологиемкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Кульбаев Алий Ахъмэт и къуэм - школакIуэхэм географиемкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

МэкIэней Iэминэ Руслан и пхъум - школакIуэхэм технологиемкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Мэрзей Самирэ Рашид и пхъум - школакIуэхэм литературэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Ныбэжь Исанэ Ислъам и пхъум - школакIуэхэм нэмыцэбзэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Несвит Полинэ Алексей и пхъум - школакIуэхэм щIыуэпсымкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Ует Лаурэ Андзор и пхъум - школакIуэхэм къэрал хабзэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Панковэ Алисэ Валерэ и пхъум - школакIуэхэм экономикэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

ПщыхьэщIэ Ислъам Хъусен и къуэм - школакIуэхэм физическэ щэнхабзэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Саубаровэ Алинэ Эльдар и пхъум - школакIуэхэм физическэ щэнхабзэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Скобликовэ Надеждэ Евгений и пхъум - школакIуэхэм шынагъуэншэу псэунымрэ Хэкур хъумэнымрэ я лъабжьэхэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Тэхъу Данэ Аслъэн и пхъум - школакIуэхэм литературэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Хьэлил Муслъим Мухьэмэд и къуэм - школакIуэхэм математикэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Хьэткъуэ Данэ Зураб и пхъум - школакIуэхэм экономикэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

ХьэцIыкIу Элинэ Iэбубэчыр и пхъум - школакIуэхэм шынагъуэншэу псэунымрэ Хэкур хъумэнымрэ я лъабжьэхэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

ХьэщIэрылI Софият Мухьэрбий и пхъум - школакIуэхэм инджылызыбзэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Хъупсырджэн Къантемыр Мухьэмэд и къуэм - школакIуэхэм технологиемкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Чепурной Иван Владимир и къуэм - школакIуэхэм Максвелл Дж. и физикэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Шогуэ Радик Арсен и къуэм - школакIуэхэм технологиемкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам

Шыхъуэ Тимур Аслъэн и къуэм - школакIуэхэм тхыдэмрэ къэрал хабзэмкIэ я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуам,

2024 - 2025 гъэ еджэгъуэм школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм

Айшаев Кязим Мухьэдин и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм щадэлажьэ и лицейм математикэмкIэ и егъэджакIуэм

Акаев Ахъмэт Руслан и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм щадэлажьэ и лицейм географиемкIэ и егъэджакIуэм

Архэст ФатIимэт Хьэсэнбий и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм щадэлажьэ и лицейм урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм

Асяевэ Ритэ Николай и пхъум - Тэрч муниципальнэ районым щыщ Тэрч къалэм щыIэ «Мэлбахъуэ Т. Къу. и цIэр зезыхьэ курыт школ №3» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм нэмыцэбзэмкIэ и егъэджакIуэм

Баскаевэ Алинэ Георгий и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм щадэлажьэ и лицейм биологиемкIэ и егъэджакIуэм

Безыр Аллэ Александр и пхъум - Налшык къалэ округым и «Лицей №2» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм

Бэрэздж Маринэ Замир и пхъум - Аруан муниципальнэ щIыналъэм щыщ Нарткъалэ къалэм и «Лицей №1» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ IуэхущIапIэм инджылызыбзэмкIэ и егъэджакIуэм

Беслъэней Залымбэч Олег и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм щадэлажьэ и лицейм информатикэмкIэ и егъэджакIуэм

Бещтокъуэ Аслъэн Хьэбил и къуэм - Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Ислъэмей къуажэм и «Курыт еджапIэ №4» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ IуэхущIапIэм шынагъуэншэу псэунымрэ Хэкур хъумэнымрэ я лъабжьэхэмкIэ, лэжьыгъэмкIэ (технологиемкIэ) и егъэджакIуэм

Воронковэ Оксанэ Владимир и пхъум - Налшык къалэ округым «Предмет щхьэхуэхэр нэхъ куууэ щрагъэдж курыт школ №9» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм

Гашокинэ Галинэ Борис и пхъум - Налшык къалэ округым и «Курыт еджапIэ №18» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм физикэмкIэ и егъэджакIуэм

Дыщокъуэ Маринэ СулътIан и пхъум - «Май къалэм дэт курыт еджапIэ №5» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм тхыдэмрэ обществознаниемкIэ и егъэджакIуэм

Жыкъуэ Миланэ Хьэмзэтхъан и пхъум - Налшык къалэ округым и «Курыт еджапIэ №33» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ бюджет IуэхущIапIэм инджылызыбзэмкIэ и егъэджакIуэм

Къер Астемыр Хьэдис и къуэм - Налшык къалэ округым и «Пушкин А. С. и цIэр зезыхьэ, предмет щхьэхуэхэр нэхъ куууэ щрагъэдж курыт школ №5» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм физическэ щэнхабзэмкIэ и егъэджакIуэм

Кумыщ Назирэт Назир и пхъум - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым щыщ Каменномост къуажэм и «Къамбий Мухьэб Алим и къуэм и цIэр зезыхьэ и курыт еджапIэ №1» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм технологиемкIэ и егъэджакIуэм

Къунаш Тимур Борис и къуэм - Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Бахъсэненок къуажэм и «Курыт еджапIэ №2» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ IуэхущIапIэм тхыдэмкIэ и егъэджакIуэм

Къуныжь Хьэжмурат Лиуан и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм щадэлажьэ и лицейм математикэмкIэ и егъэджакIуэм

Кушмэзокъуэ Джульетэ Руслан и пхъум - Налшык къалэ округым и «Къудащ Е. Къ. и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №14» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм инджылызыбзэмкIэ и егъэджакIуэм

Къущхьэ Оксанэ Нурбий и пхъум - Налшык къалэ округым и «Предмет щхьэхуэхэр нэхъ куууэ щрагъэдж курыт школ №21» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ IуэхущIапIэм тхыдэмкIэ и егъэджакIуэм

Ли Иннэ Афанасий и пхъум - «Май къалэм дэт курыт еджапIэ №5» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм изобразительнэ гъуазджэмкIэ и егъэджакIуэм

Лосэн Ларисэ Бекъал и пхъум - Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Зеикъуэ къуажэм и «Курыт еджапIэ №4» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ IуэхущIапIэм тхыдэмрэ обществознаниемкIэ и егъэджакIуэм

Мэкъуауэ Светланэ Борис и пхъум - Тэрч муниципальнэ районым щыщ Тэрч къалэм и «Курыт еджапIэ №2» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм математикэмкIэ и егъэджакIуэм

Мэлбахъуэ Марьянэ Замир и пхъум - Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Къубэ-Тэбэ къуажэм и «Курыт еджапIэ №1» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ IуэхущIапIэм информатикэмрэ технологиемкIэ и егъэджакIуэм

Мамбэт Ахьмэд ЛатIиф и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм ЩIэблэм щIэныгъэ гуэдзэ етынымкIэ и центрым и методист нэхъыжьым

Мэстафэ Анисэ Хьэсэн и пхъум - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щыщ Тырныауз къалэм и «Отаров К. С. и цIэр зезыхьэ лицей №1» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и муниципальнэ IуэхущIапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм

Мыд Светланэ Нурмухьэн и пхъум - «Бахъсэн къалэм Пащты С. А. и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №1» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм тхыдэмрэ обществознаниемкIэ и егъэджакIуэм

Наумовэ Александрэ Владимир и пхъум - Энеев Т. М. и цIэр зезыхьэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм егъэщIылIа, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуазджэм, спортым, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ къыщыхэжаныкI сабийхэр къэзыгъэнаIуэ икIи абыхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъу «Антарес» щIыналъэ центрым щIэблэм щIэныгъэ гуэдзэ ятынымкIэ и егъэджакIуэм

Павловэ Иринэ Валентин и пхъум - Налшык къалэ округым и «Лицей №2» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм франджыбзэмкIэ и егъэджакIуэм

Покачайлэ Юлие Анатолэ и пхъум - Налшык къалэ округым и «Лицей №2» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм экономикэмкIэ и егъэджакIуэм

Тихоновэ Ларисэ Яков и пхъум - Прохладнэ муниципальнэ районым щыIэ «Прималкинскэ къуажэм дэт курыт еджапIэ» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм географиемкIэ и егъэджакIуэм - Энеев Т. М. и цIэр зезыхьэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм егъэщIылIа, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуазджэм, спортым, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ къыщыхэжаныкI сабийхэр къэзыгъэнаIуэ икIи абыхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъу «Антарес» щIыналъэ центрым щIэблэм щIэныгъэ гуэдзэ ятынымкIэ и егъэджакIуэм

Тищенкэ Екатеринэ Валерий и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм егъэщIылIа, «УнэтIыныгъэ куэдым щыхурагъаджэ республикэ гимназие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет IуэхущIапIэм технологиемкIэ и егъэджакIуэм

Тхьэгъэпс Ахьмэд Замир и къуэм - Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм и «Курыт еджапIэ №3» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм физическэ щэнхабзэмкIэ и егъэджакIуэм

Успанов Шамиль Сэламбэч и къуэм - Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм и «Курыт еджапIэ №3» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм тхыдэмрэ обществознаниемкIэ и егъэджакIуэм

Халаевэ Джамилэ Марат и пхъум - Налшык къалэ округым и «Лицей №2» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм экономикэмкIэ и егъэджакIуэм

ХьэцIыкIу Iэбубэчыр Александр и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм егъэщIылIа, «УнэтIыныгъэ куэдым щыхурагъаджэ республикэ гимназие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет IуэхущIапIэм шынагъуэншэу псэунымрэ Хэкур хъумэнымрэ я лъабжьэхэмкIэ и егъэджакIуэм-къызэгъэпэщакIуэм

Шыбзыхъуэ Марат Абдул и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм щадэлажьэ и лицейм шынагъуэншэу псэунымрэ Хэкур хъумэнымрэ я лъабжьэхэмкIэ и егъэджакIуэм-къызэгъэпэщакIуэм

Шыхъуэбахъуэ Светланэ Юрэ и пхъум - Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм и «Куэтэншы ТI. М. и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №3» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ IуэхущIапIэм инджылызыбзэмкIэ и егъэджакIуэм

Щоджэн Маринэ Алий и пхъум - Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм и «Курыт еджапIэ №3» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм химиемкIэ и егъэджакIуэм

Щипилов Андрей Евгений и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм щIэблэм щIэныгъэ гуэдзэ етынымкIэ и егъэджакIуэм,

2024 - 2025 гъэ еджэгъуэм школакIуэхэм я республикэ олимпиадэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ, балъкъэрыбзэмкIэ, литературэхэмкIэ щытекIуахэм

Болиевэ Русалинэ Рустам и пхъум - школакIуэхэм балъкъэрыбзэмрэ литературэмкIэ я республикэ олимпиадэм щытекIуам

Габоевэ Алинэ Чэрим и пхъум - школакIуэхэм балъкъэрыбзэмрэ литературэмкIэ я республикэ олимпиадэм щытекIуам

Гаевэ Алинэ Муслим и пхъум - школакIуэхэм балъкъэрыбзэмрэ литературэмкIэ я республикэ олимпиадэм щытекIуам

Уэзрокъуэ Динарэ Алий и пхъум - школакIуэхэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмкIэ я республикэ олимпиадэм щытекIуам

Сарбашевэ Саидэ Мухътар и пхъум - школакIуэхэм балъкъэрыбзэмрэ литературэмкIэ я республикэ олимпиадэм щытекIуам

ТхьэкIумащIэ Данэ Чэрим и пхъум - школакIуэхэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмкIэ я республикэ олимпиадэм щытекIуам

Шыдакъ Дианэ Заур и пхъум - школакIуэхэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмкIэ я республикэ олимпиадэм щытекIуам,

2024 - 2025 гъэ еджэгъуэм школакIуэхэм я республикэ олимпиадэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, литературэхэмкIэ щытекIуахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм

Батырбиевэ Мадинэ Хьэбибулэхь и пхъум - Шэджэм муниципальнэ районым и «Шэджэм къалэм дэт курыт еджапIэ №3» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм балъкъэрыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм

Гузеевэ Iэсият Урысбий и пхъум - Шэджэм муниципальнэ районым щыщ Шэджэм къалэм и «Дэбагъуэ Барэсбий Сыхьэт и къуэм и цIэр зезыхьэ, предмет щхьэхуэхэр нэхъ куууэ щрагъэдж курыт еджапIэ №1» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм балъкъэрыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм

Къэзанш Нинэ СулътIан и пхъум - Налшык къалэ округым и «Курыт еджапIэ №20» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм

Лосэн Хьэужан Сэфарбий и пхъум - Бахъсэн къалэм и «Лермонтов Михаил и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №6» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм

УнэлIокъуэ Вячеслав Хьэутий и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет IуэхущIапIэм ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм щадэлажьэ и лицейм къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм

Хьэрэдурэ Эммэ Хьэсэн и пхъум - Тэрч муниципальнэ районым «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Пэнагуэ А. Ж. и цIэр зэрихьэу Инарыкъуей къуажэм дэт курыт еджапIэ» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм

Чочаевэ Нэжэбат Хъызыр и пхъум - Шэрэдж муниципальнэ районым «Безенги къуажэм дэт курыт еджапIэ» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм балъкъэрыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м
№82-УГ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Ар зэрыщытар

Штирлиц и «ныбжьэгъужьт»

А фильмым емыплъа къэгъуэтыгъуейщ икIи ролхэр артистхэм апхуэдизу гукъинэж ящIащи, къытебгъэзэжурэ уеплъми, пфIэщIэщыгъуэщ. Зи гугъу тщIыр «Семнадцать мгновенний весны» кинокартинэ хьэлэмэтырщ - ар, дауи, къэфщIащ ди тхыгъэм псалъащхьэ хуэтщIамкIэ. Абы и лIыхъужь нэхъыщхьэр сценарийр зытха Семенов Юлиан къигупсысами, къыщигъэлъэгъуахэр пэжщ, хэтхэм я нэхъыбэр къызытрищIыкIахэми яхуэдэу. Ящыщ зым и гугъу фхуэтщIынщ. Апхуэдэхэми я цIэхэри тщIэн хуейщ къытпэщIэта бийхэр тIасхъэу зэрыщымытар къыдгурыIуэн папщIэ.

1910 гъэм Германием щыщ Саарбрюкен къалэм къыщыхъуа Шелленберг Вальтер «Ещанэ рейхым и бажэ» цIэ лейр къыфIащащ, 1941 гъэм, ныбжькIэ щIалэ дыдэу, къэрал щIыб тIасхъэщIэх IэнатIэм и унафэщIу ягъэува иужькIэ. Иджыпстуи телъыджэщ зи Iуэхур зэIыхьа хьэрычэтыщIэ лэжьакIуэм и унагъуэшхуэм къыщыхъуа щIалэм ар къызэрехъулIар. Абы и къеклIуэкIыкIар зыкIи къащхьэщыкIыркъым езым хуэдэ минищэхэм я къэхъукIам: университетым факультет зыбжанэ щызэрихъуэкIащ зыхэпсэукIын IэщIагъэ къилъыхъуэу. И фейдэ хэлъу къилъытэри, Германием и национал социалист рабочэ партым хыхьащ, абы и идеологиер зыхуэгъэзам емыгупсыххэу. АдэкIэ къыпэплъэнур езым елъытат. Мыбдеж къыщыхуэщхьэпащ къыдалъхуа хьэлым щыщхэр: задегъэкIуныр, Iэдэбагъыр, нэмысыфIэу зыкъигъэлъэгъуэныр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, зригъэгъуэта щIэныгъэри щIыгъужу.

АрщхьэкIэ задебгъэкIунми щIэныгъэми жыжьэ унахьэсынутэкъым, абыхэм щхьэхуещагъыр, напэншагъэр икIи, дауи, епцIыжыныгъэр ящIымыгъуамэ. Пэжу, а псори къыщыгурыIуар фашист Германием и тепщэ гупым яхыхьа, абы и унафэщIхэм ящыщ зы хъуа иужькIэщ. Апхуэдэ хьэлым ухуэхейуэ, абыхэм уахэтыфынутэкъым.

Ар езыми белджылыуэ къыщигъэлъэгъуэжащ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм иужькIэ итхыжа «Генерал-майор Шелленберг Вальтер. СД-м и бэджыхъым» тхылъым, 2019 гъэм урысыбзэкIэ къыдэкIам. Ар ди дежкIэ гъэщIэгъуэнщ, Гитлер и деж щегъэжьауэ Ещанэ рейхым и Iэтащхьэхэм я хьэщхьэрыIуэ зэхэтыкIэр зэрыдигъэлъагъум къыхэкIыу. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, езым сыт щыгъуи зегъэзэхуэж, зэрахьа бзаджэнэджагъэ Iуэхухэм хэмытыхха хуэдэу. ГукъэкIыжхэм увыпIэшхуэ щаубыд фашист Германием и IэтащхьэхэуГилер, Гейдрих, Мюллер сымэ ятеухуауэ къиIуэтэжххэм. ИкIи уеджэхукIэ уи гур зыхуэжэр зыщ: сыту фIыт а бзаджэнаджэхэм я мурадхэр къазэремыхъулIар.

Ещанэ рейхым щекIуэкIа сыт хуэдэ Iуэхуми щыгъуазэ Шелленберг, дауи, ебзыщI езыр зыгъэулъиину псори. Абы и дежкIэ псори къуаншэщ, езыр лъэныкъуэкIэ щытащ.

Апхуэдэ щапхъэхэр гъунэжщ икIи ахэр къыщыпхуэхьынукъым зы тхыгъэ кIэщIым. Псалъэм и хьэтыркIэ, Совет Союзым къытеуэн ипэкIэ Гейдрих абы вермахтым къулыкъушхуэ щызыIыгъ Вагнер и гъусэу СССР-м и щIыналъэ яубыдынухэм СД-м щигъэзэщIэну къалэныр зыхуэдэр зэхигъэкIыну зэрыригъэувэлIам теухуауэ итхыжащ: «Мюллер ипэIуэкIэ пщэрылъ щащIу хуэмыгъэзэщIар сэ дэгъуэу зэфIэзгъэкIащ». Ауэ щIегъуж иужькIэ Гейдрих ар пэшым щIигъэкIауэ. Зэхихар псалъэмакъ пычахуэхэрщ, зыгуэрхэр зэрызэдауэрщ. Абы щыгъуэми, а зэIущIэ дыдэрщ СД-м и «айнзац гупхэр» - яубыда щIыналъэхэм щыпсэу журт минхэр судыншэу зыукIыну хуитхэр - къызэрагъэпэщыным теухуа унафэ къыщащтар. ФIэщщIыгъуейщ, «Ещанэ рейхым и бажэм» абы зыри химыщIыкIауэ.

Ауэ язынысъуэ Iуэхухэр, езым зэрыхищIыкIым хуэдэу, къеIуэтэж. Псом хуэмыдэу езыр зымыгъэулъийхэр. Ди дежкIэ гъэщIэгъуэн хъунущ мыр: 1937 гъэм и пэщIэдзэм, иужькIэ зи унафэщI хъуа IуэхущIапIэм и къудамэм щылажьэу, Шелленберг пщэрылъ щащIащ Дзэ Плъыжьымрэ Германием и лъэсырыкIуэдзэхэмрэ зэдэлэжьэным теухуа реферат игъэхьэзырыну. Абы къигъуэтащ лъэныкъуитIым 1923 гъэм зэдэлэжьэн зэрыщIадзам щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр, нэгъуэщIхэр. Ар екIуэкIырт зэм къызэщIэрыуэу, зэми ужьыхыжу. А Iуэхур къаIэтын хуей щIэхъуар Гейдрих Париж щыпсэу, хужьыдзэм и генерал Скоблин гуэрым къитха тхыгъэр къызэрыIэрыхьарт. Абы итт совет генерал Тухачевскэм Германием и Штаб нэхъыщхьэр зыдигъэIэпыкъуу Сталиныр тридзыну зигъэхьэзыру. АрщхьэкIэ, щыхьэт техъуэ гуэри щIыгъутэкъым. Пэжрэ пцIырэ зэхимыгъэкIыу Гейдрих Гитлер Iэригъэхьащ къыхуатхар. Фюрерым мурад ищIащ а дэфтэрыр къигъэсэбэпу, Тухачевскэр Iуихыну. Зыхуеину псори зэрагъэпэщри, ахэр Москва зэрыIэрагъэхьэну Iэмал къагъуэтащ. Дэфтэрхэм щыгъуазэ ящIа Бенеш, Чехословакием и президентым, Сталиным письмо хуитхащ - ахэр а зэманым зэныбжьэгъут. АдэкIэ Iуэхум гугъуехь хэлъыжтэкъым.

1937 гъэм мэкъуауэгъуэм и 4-м ТАСС-м къитащ Тухачевскэмрэ абы и блыгущIэтхэмрэ зэраубыдам теухуа хъыбар. Ахэр яукIащ. Суд унафэр ягъэзэщIащ маршал Блюхер и унафэм щIэту. НаIуэу зэрыщытщи, мыгувэу абы езыми къыхуэкIуащ Тухачевскэм и махуэр.

Ещанэ рейхым мыхьэнэшхуэ зиIэ къулыкъу щыIэрыхьа иужь, Шелленберг и зэфIэкIхэр гъунапкъэншэ хъуащ. Ар куэдрэ яхуэзэ хъуащ, Гитлери яхэту, Германием и унафэщIхэм икIи абыхэм я дуней тетыкIэм, я икIагъэм щытепсэлъыхькIэ, псалъэ еблэжыркъым: дэтхэнэми бзаджэнаджагъэу къуэлъыр гуп псо яхурикъунущ. Езыр-щэ?

Езыри я щапхъэм ирикIуащ. Псалъэм папщIэ, адмирал Канарис ирищIар. Дзэ тIасхъэщIэхымкIэ къудамэм и Iэтащхьэ Канарисрэ абырэ зэдэлажьэ къудей мыхъуу ныбжьэгъу зэхуэхъуат: шууэ къыздакIухьурэ зытрагъэурт, зэдефэ-зэдешхэрт, щэху гуэрхэри зэхуаIуатэрт. А зэман дыдэм Шелленберг зигъэхьэзырырт Канарис и къудамэри езым ейм къыхигъэхьэу тIуми я унафэщIу увыну. Ауэ, дауи, япэщIыкIэ и ныбжьэгъур Iуихын хуейт. Ар абы къехъулIащ 1944 гъэм офицер гупым Гитлер яукIыну хущIэкъуа иужькIэ. Щэхуу зэгурыIуахэм япыщIауэ ягъэкъуаншэри, Канарис Iуэм ирадзащ (жытIэнщи, гестапэм и Iэтащхьэ Мюллер и унафэкIэ ар зыгъэтIысар Шелленбергщ). Къигъэгугъащ къришыжыну, ауэ, зэрытщIэщи, игъэзэщIакъым, игъэзэщIэнуи и мурадакъым.

Щапхъэ ятрихат зыхыхьа гупым: абы хэтхэр зэтеплъэ хъуртэкъым, зэщыгуфIыкIми, зым адрейр щIитIэну хьэзырт. Гитлер а псори илъагъурт икIи абы щыгуфIыкIырт: ахэр зэи зэгурыIуэфынутэкъым езыр традзыну.

Шелленберг сыт щыгъуи сакъырт. Ар зэи техьэртэкъым гъуэгу цIэнтхъуэрыгъуэ. Дерс хуэхъуат и щIалэгъуэу езыгъэджа профессор лIыжьым къыжриIар: «УкъызыхэмыкIыжыфын Iуэху ухэмыхьэ». Иджы, фашист ГерманиемкIэ зэригъуэтыр пасэу къилъэгъуати, щIэпхъаджагъэхэм защидзейрт. Абы и пIэкIэ, и зэфIэкIыр къигъэсэбэпурэ, 1944 гъэм и шыщхьэуIум иужькIэ зэпымыууэ Гимлер тригъэгушхуащ англосаксхэм мамыр зэгурыIуэныгъэ иращIылIэным. ИкIэм-икIэжым, апхуэдэ зэпсэлъэныгъэхэр щэхуу ирагъэкIуэкIауэ щытащ-дэ ар щыдолъагъу ди тхыгъэм и пэщIэдзэм зи гугъу щытщIа фильмым.

Ауэ абы папщIэ нэмыцэIуэхэм цIыхухэр щагъэс газ хьэкухэр. ЩагъэункIыфIын, цIыху минхэр хуит къащIыжын хуейт. Гимлер хуэхьэзыртэкъым апхуэдэ лъэбакъуэм.

Езы Шелленберг зауэр щиухым япэ дыдэу илэжьащ езыр зытекIуэдэнкIэ хъуну Iуэху: журт минэр лIыукIыпIэм кърищащ. И напэр къэушыжауэ ара? А упщIэм жэуап зыми иритыфынукъым.

Сыт хуэдэу щытами, ар хуабжьу къыщыхуэщхьэпащ нацист щIэпхъэджащIэ нэхъыщхьэхэм я суд Нюрнберг щащIэм. Дауи къалъытащ «айнзац» гупым зэрыхэмытари. ДэпщыпIэ къигъуэтри, ар увакъым абыхэм ящыщ зым и унафэщIу. Ауэ езым хуэдэу Гимлер къулыкъукIэ дришея Олендорф хьэзырыбзэу апхуэдэ IэнатIэ пэрыуващ икIи абы и унафэм щIэту журт мин 90 хуэдиз иригъэукIащ. КIэщIу жыпIэмэ, езым зыкъызэрилъытэжамкIэ, и нацист къалэныр игъэзэщIащ. Ауэ апхуэдэ «хьэлэлыгъэр» абы къыхуэгъуакъым: адрей бзаджэнаджэхэм я гъусэу и щхьэр палъащ.

Трибуналым Шелленберг трилъхьар илъэси 6 къудейщ. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ абыкIэ арэзы хъуащ зызыгъэпхъашэ совет лIыкIуэ Руденки.

Ауэ а пIалъэм и зэхуэдитIри лъэхъуэщым щрихьэкIакъым: американхэм ар яутIыпщыжащ, зэрысымаджэр къалъытэри. Шелленберг мамыр гъащIэм зыри къыщыпэмыплъэу къыщIэкIащ. ЯпэщIыкIэ зэзышэлIа Швейцарием ирагъэкIыжа иужь хэщIапIэ хуэхъуащ фIэмыфIыфIэмыфIурэ езыгъэблэгъа Италиер. Зэгуэр лъэкIыныгъэшхуэ зыбгъэдэлъа цIыхум псоми я щIыб къыхуагъэзат. Абы ирибампIэурэ, нэхъри къызэIыхьэри, 1952 гъэм и ныбжьыр илъэс 42-рэ фIэкIа мыхъуауэ дунейм ехыжащ. Иджы абы и фэеплъу къэнар тхылъымрэ фильмым актёр цIэрыIуэ Табаков Олег Iэзэу щигъэзэщIа ролымрэщ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

● ТекIуэныгъэ-80

Шакъэ ткIуэпс

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым Iэтауэ зэрыщагъэлъапIэрэ куэд щIакъым. Ауэ и мыхьэнэр гъунапкъэншэщи, ар зы зэман пыухыкIам къитIасэркъым. Абы ехьэлIа дэтхэнэ Iуэхури ди дежкIэ къыпхуэмылъытэн хуэдизу лъапIэщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, фашист Германием псалъэмакъыншэу зыкъызэритым теухуа кIэух дэфтэру Iэ зытрадзар.

КУЭД щыгъуазэщ, цIыху мелуанипщIхэм я гъащIэр зыхьа зэрыфыщI бзаджэм кIэ езыта а тхылъым, ауэ егъэщIылIа язынысъуэ Iуэхухэр, зэ еплъыгъуэкIэ жьгъейуэ щрети, тхыдэм хэгъуэщэжащ. Ауэ ахэр, абы щыгъуэми гъэщIэгъуэнщ.

Берлин и гъунэм щыIэ Карисхорст щIыпIэр яхъумэрт НКВД-м и 105-нэ полкым хэтхэм. 1945 гъэм накъыгъэм и 8-мрэ 9-мрэ я жэщым мыр зи хэщIапIэ нэмыцэ инженер дзэ училищэм и офицер клубым яшащ фельдмаршал Кейтель, генерал-полковник Штумп, флотым и адмирал Фриденбург сымэ зыхыхьа герман делегацэр. Абыхэм яIущIащ Маршал Жуков Георгий. КIыхьлIыхь зримыгъэщIу, «хьэщIэхэм» яхуигъэлъэгъуащ дэфтэрым Iэ традзэну. ТхылъымпIэм стIолым тет шакъалэм итым щыщ ткIуэпс теткIуащ. ТхылъымпIэр щIэкIэ зэрахъуэкIащ. Ауэ щхьэусыгъуэ лъыхъуэ Кейтель зыкъритIащ, авторучкэ иратыну къигъэуву: къалэм къызэрыгуэкIым и Iэхэр (лъы къызыпыжхэр!) иуцIэпIынкIэ шынэрт! АрщхьэкIэ езы Жуковми, игъусэ совет генералхэми авторучкэ ямыIыгъыу къыщIэкIащ. Дыхьэгъыт: етIощIанэ лIэщIыгъуэм нэхъ мыхьэнэшхуэ дыдэ щызиIа тхылъым Iэ щIадзыныр... авторучкэ щхьэкIэ гувэрт. Зыри щымыгугъауэ щытыкIэр зэфIихащ взводхэм ящыщ зым и парторг Бергин Анатолий. Абы и жыпым кърихa апхуэдэ къалэмыр хуишияц Жуковым и дэIэпыкъуэгъухэм ящыщ зым. Жуковыр пыгуфIыкIащ, ар хьэлэмэт щыхъуауэ: авторучкэхэр а зэманым гъуэтыгъуей дыдэт, дэнэ сержантым ар къыздрихар?

Мис апхуэдэу къару игъуэтащ зи гугъу тщIы дэфтэрым. Нэхъапэм «Герман-Урысей музейкIэ» зэджэу щыта «Берлин-Карлсхорст» музейм мы зэманым цIыху куэд щыпэкIужыркъым. Нэмыцэхэми хамэ къэралхэм икI зыплъыхьакIуэхэми блэкIар ящыгъупщэжащ, илъэс 80 ипэкIэ мыбы щекIуэкIахэр яфIэгъэщIэгъуэныжкъым. Музейм щыплъагъунукъым шакъэ ткIуэпсым иуцIэпIа тхылъымпIэри, зи зэранкIэ мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ Iуэхур къызэтеувыIэ пэтар.

Авторучкэр-щэ? Ар бзэхащ. Сержантым ар кърaтыжакъым иужькIэ. Тхьэм ещIэ зыкIэщIэзыупщIар.

● ПсэукIэ

ШыщхьэуIум дыхохьэ

Ди къэралым щыпсэухэм фIыуэ ялъагъуркъым мы мазэр. Япэрауэ, мыр дыгъэр щынэхъ гуащIэ зэману къалъытэ. ЕтIуанэрауэ, 1980 гъэхэм я зэхуэдитIхэм къыщыщIэдзауэ шыщхьэуIум ди тхыдэм жагъуэу хыхьа Iуэхухэр нэхъ зыхуэзэр шыщхьэуIурщ. НэгъуэщIхэм я гугъу дымыщIми, дигу къэдгъэкIыжыну ирикъунщ СССР-р зэрыкъутэжам, 1998 гъэм къэхъуа дефолтым пыщIахэр. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ абы ирихьэлIэу ди сомыр сыт щыгъуи нэхъ къаруушэ мэхъу. АтIэ аргуэру абы къытригъэзэжыну пIэрэ мы гъэми?

ДАУИ, апхуэдэ шынагъуэ щыIэщ. IэщIагъэлIхэм къабжащ 1998 гъэм къыщыщIэдзауэ 2024 гъэр къэсыху шыщхьэуIу мазэм 20-рэ ди сомыр долларым елъытауэ нэхъ къаруушэ хъуауэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, илъэс 26-м щыщу илъэс 20-м. АрщхьэкIэ статистик икIи тхакIуэ Талеб Нессим и «Къуу фIыцIэхэр» тхылъым гу щалъригъэтащ «блэкIам къэхъуахэр лъабжьэ хуэпщIу, къэкIуэнур къэпщIэфыным ущыгугъыныр шынагъуэ зыпылъ щхьэгъэпцIэжу» зэрыщытым. «Къуу фIыцIэхэр» жыхуаIэр экономикэм зыщыпэмыплъэу къыщыхъу Iуэхухэрщ. АтIэ ди деж ахэр къэлъэтэнкIэ хъуну а мазэм?

Экономист куэдым ар я фIэщ хъуркъым. Пэжщ, гугъуехьхэр щыIэнущ, ауэ ахэр дызыпэмыплъауэ щытынукъым. Аращи, зыхуэдгъэхьэзырын хуейщ, мазэр сыт хуэдэми емылъытауэ.

Пэжщ, гъэм щиубыд увыпIэм егъэщIылIауэ шыщхьэуIум сомыр долларым щыпикIуэт къохъу. Иджыпсту ар быдэщ, УФ-м и Банк нэхъыщхьэр къыдоIэпыкъури. АрщхьэкIэ зы долларым тещIыхьауэ сомищэм нэсу ехуэхми, IэщIагъэлIхэм я псалъэхэм ятепщIыхьмэ, абы фIы гуэрхэри къишэнущ. Псалъэм и хьэтыркIэ, дыщэм и уасэм хэхъуэнущ. Ар езыр зэращэр долларщи, апхуэдэ ахъшэ нэхъыбэ ди къэралым а металл гъуэжьым къыщIихыфынущ. Ауэ ар хэкIыпIэ закъуэуи щыткъым.

НэгъуэщI шынагъуэр къыбгъэдокI банк IэнатIэр зэIыхьэнкIэ зэрыхъунум. Щхьэусыгъуэри цIыхухэм ятелъ щIыхуэхэр зэрахуэмытыжырщ. Ахэри нэхъ щызэтрихьэ хабзэр бадзэуэгъуэмрэ шыщхьэуIумрэщ. Пэжу, зэкIэ банкхэм я лъэр быдэщ, ауэ зыщыгъэгъупщэн хуейкъым апхуэдэ шынагъуэ зэрыщыIэр.

Экономикэр зыхэхуэ гугъуехьхэм я гугъу пщIымэ, мыбдеж зыщыпэмыплъа гуэрхэуи щыщытыжкъым КъухьэпIэм къыдищIылIа санкцэхэри: а Iуэхум накъыгъэм къыщыщIэдзауэ топсэлъыхь икIи абыхэм хагъэхьэнухэри гурыIуэгъуэт. ЕпщыкIуиянэ санкцэхэм къыщыгъэлъэгъуащ Евросоюзым и къэралхэр 2028 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ урысей газым къыпыкIыпэну. А Iуэхум Брюссель щытопсэлъыхь, ауэ ар зымыдэхэри щыIэщ. Ди экономикэм нэхъ къытехьэлъэнур США-м санкцэхэр кърищIылIэмэщ. Пэжщ, Трамп Дональд США-м и президенту хахыжа иужь урысей-американ зэхущытыкIэхэр нэхъ ефIэкIуа хуэдэщ, ауэ иджыри шынагъуэ зэрыщыIэри зыщыгъэгъупщэн хуейкъым.

ИкIи, дауи, къыумылъытэнкIэ Iэмал иIэкъым инфляцэр.

Иджыри къэс ар зэтраIыгъэ дыкъызэрагъэгугъам тету. Ауэ зричынкIэ шынагъуэ щыIэщ икIи ар къэхъункIэ хъунущ сыт щыгъуи. Банкхэм халъхьэ ахъшэхэм къапэкIуэ процентхэр йохуэх. Абы къокI Iэрылъхьэ ахъшэу къагъэсэбэпхэр нэхъыбэ хъуну. ЦIыхухэм нэхъыбэ къащэхунущ, абы дауи, уасэхэр дригъэкIуеинущ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, лъэужьыншэу къэнэнукъым гъэмахуэ къэси хуэдэу газым щIат пщIэр зэраIэтари. Мы гъэм абы щIыгъуу нэхъ лъапIэ ящIащ электрокъарури.

Зэрытлъагъущи, экономикэм гугъуехьхэр къыпоплъэ. Ауэ ахэр къыкъуэкIыну зыхуагъэфащэхэрщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, уафэм къехуэхауэ къыщIэкIынукъым. А гугъуехьхэри, къыщалъагъуфкIэ, апхуэдизуи шынагъуэу щыткъым: зэрызэфIагъэкIыфыну Iэмалхэри къагъуэтыфынущ. Абыхэм ящыщ язынысъуэхэри урысей къызэрыгуэкIхэм къажьэхэуэнукъым. Нэхъыщхьэращи, абыхэм сыт щыгъуи яхузэфIэкIынущ махуэ къэс зыхуей хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ къащэхуну. Аращи, ди псэукIэр езыгъэкIэкIуэну гуэри дызыхыхьэ шыщхьэуIум къишэну къыщIэкIынкъым.



● ТхылъыщIэ



Абхъазым и щIэнгъуазэ кIэщI

Адыгэ-абхъаз дунейр зыщыгуфIыкIын Iуэхугъуэ дахэм и хъыбар иджыблагъэ къэIуащ - «Абхъаз щIыналъэ» щIэнгъуазэ кIэщIыр дунейм къытехьащ. ТхылъитIу зэхэт зэужьым илъэс зыбжанэкIэ елэжащ «Абхъаз щIэнгъуазэ» зи фIэщыгъэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ центрыр.

ЦЕНТРЫМ и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Салакая Сослъэн къызэрыджиIамкIэ, щIэнгъуазэм иращIылIа лэжьыгъэр гугъуу щытами, къызэрымыкIуэу гъэщIэгъуэнт, узыIэпызышэт, инт.

- Лъэпкъ щIэнгъуазэ дызэриIэн хуейм куэд щIауэ дрипсалъэрт. Апхуэдэ зэужьым теплъэлъыхьырт къэрал къулыкъущIэхэри, жылагъуэ лэжьакIуэхэри, щIэныгъэрылажьэхэри, еджапIэхэм щылажьэхэри. Абхъаз щIыналъэмрэ абхъазхэмрэ ятеухуауэ щыIэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр мымащIэми, абыхэм ящыщ куэдыр къэгъуэтыгъуейт, щыIэхэми узыхуейр къахэпхын щхьэкIэ, щIэбджыкIын хуейт. Иджыри къыздэсым ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къахэкъузыкIыжауэ щIэнгъуазэ кIэщI диIэ зэрыхъуным дегупсысурэ, и пэхуэщIэр 2019 гъэм къыхэтлъхьащ, а илъэс дыдэми абы кIуэну тхыгъэхэр дгъэхьэзыру дыхуежьащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт дгъэхьэзыра зэужьым папщIэ Совет къэралыгъуэм къыщыдэкIа щIэнгъуазэ 13 зэрызэпыдгъэзар - Абхъаз щIыналъэмрэ абхъазхэмрэ ятеухуауэ абыхэм сыт тхуэдэ тхыгъэ ихуами, къитхыжащ, иджырей щIэныгъэм и шыбзэми щIэдгъэкIыжащ. Гу лъывэзгъэтэнут: 13-м къикIыркъым тхылъ 13 фIэкIа демыплъауэ. Щапхъэу ирикъунщ щэней къыдэкIауэ щыта Совет щIэнгъуазэ иныр. Япэу къыщыдэкIам ар тхылъ 66-уэ зэхэтт, етIуанэ къыдэкIыгъуэм тхылъ 51-рэ хиубыдэрт, ещанэ къыдэкIыгъуэр тхылъ 30-м нэсат. Дауи, зэрынэрылъагъущи, къыдэкIыгъуэ къэс зэхъуэкIыныгъэхэр мымащIэу игъуэтащ. А псор зэпэлъытыни зэпэшэчыни хуейт, зэмани ихьырт. ИкIэм-икIэжым, дызыщIэхъуэпс щIэнгъуазэр дунейм къытехьащ, абы дыщымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым, - жиIащ Салакая Сослъэн.

«Абхъаз щIыналъэ» щIэнгъуазэр зыIэрыхьэнухэм къэралым и политикэ икIи жылагъуэ гъэпсыкIэм, географием, тхыдэм, диным, щIыуэпсым, щэнхабзэм, бзэм ехьэлIа тхыгъэхэр кърагъуэтэнущ, уеблэмэ апхуэдизу тпэгъунэгъуу къытщыхъу хэгъэгум и дунейм нэгъуэщIынэкIэ дригъэплъынущ.

Зэужьыр гъэхьэзырыным Абхъазым и мызакъуэу, Урысеймрэ Тыркумрэ, щIэныгъэ икIи жылагъуэ хасэ щхьэхуэхэм я щIэныгъэрылажьэхэм я гуащIэ ирахьэлIащ. ФIыщIэ лей яхуэфащэщ Гулиа Дмитрий и цIэр зезыхьэ Абхъаз гуманитар-къэхутакIуэ институтым, Абхъаз къэрал университетым, Абхъаз Республикэм и Президентым деж щыIэ Стратегие къэхутэныгъэхэмкIэ центрым, Абхъаз Республикэм хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм я лэжьакIуэхэм. Акъыл зэхэдзэрэ щIэныгъэ зэхэлъхьэкIэ абыхэм яхузэфIэкIащ щIэнгъуазэ кIэщIым тхыгъэ минищым щIигъу къызэщIрагъэубыдэн, кIэщIу икIи зы жыпхъэм иту дэтхэнэми къиIуатэ Iуэхугъуэхэр зэгъэпэщауэ зэкIэлъигъэкIуэн.

Адыгэхэм ятеухуа тхыгъэ зыбжанэ ихуащ «Абхъаз щIыналъэ» щIэнгъуазэм. Апхуэдэу, зэужьым зэрыжиIэмкIэ, абхъазхэм бзэкIи, щэнхабзэкIи, дуней лъагъукIэкIи нэхъ япэблагъэ дыдэр адыгэхэмрэ убыххэмрэщ.

- Адыгэхэр, убыххэр, абазэхэр - зы жыгым къыкъуэжа, иужькIэ щхьэхуэу зызыужьа лъэпкъ щхьэхуэхэщ. Илъэс минхэм ахэр зэпэIэщIэ ищIами, нобэр къыздэсым абыхэм я бзэхэр зэрызэлъапсэгъум щыхьэт техъуэ щапхъэхэр къахь, абыхэм я бжыгъэхэми кIуэтэху хохъуэ. Бзэм зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтами, щэнхабзэм зэтехуэу хэлъыр нэхъ нэрылъагъущ. ЦIыхур дунейм къыщытехьэм щегъэжьауэ иужьрей гъуэгуанэ щытрагъэувэжым щыщIэкIыжу, адыгэхэм, убыххэм, абазэхэм къадэгъуэгурыкIуэ хабзэхэм умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал имыIэу зэщхь куэд ущрохьэлIэ. Апхуэдэщ, псалъэм и хьэтыркIэ, гущэхэпхэм, лъэтеувэм, нысашэм, хьэдэщIэлъхьэм епха хабзэ щхьэхуэхэр. Ахэр зыр зым Iэпихыу къищтауэ жыпIэнкIэ Iэмал иIэкъым, атIэ зэгуэр зы жылэу щыпсэум къызэдагъэщIауэ къэлъытэныр игъуэщ. Къищынэмыщауэ, тхыдэм и къэхъукъащIэ нэхъ хьэлъэ дыдэхэм лъэпкъхэр зэрызэкъуэувар, зым и щIыбыр адрейм хуимыгъазэу дамэгъу зэрызэхуэхъуар шэсыпIэ йоувэ лъэпкъищыр лъыкIэ зэрызэунэкъуэщыр, гупсысэкIэ зэрызэпэблагъэр. Абхъазым и щхьэхуитыныгъэр ихъумэу 1993 - 1994 гъэхэм иригъэкIуэкIа Хэку зауэм япэу къыщыкъуэувар адыгэхэращ, ахэр игъащIэкIэ абхъазхэм ящыгъупщэнукъым, - жеIэ щIэнгъуазэм.

ЩIэнгъуазэ кIэщIыр абхъаз щIыналъэмрэ абхъазхэмрэ нэхъ ятегъэщIауэ щыт пэтми, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэми гъэщIэгъуэн къащыхъун куэд абы къыщагъуэтынущ, уеблэмэ адыгэ-абхъаз дунейр зыджхэм, абы дихьэххэм хьэлэмэт къащыхъун куэд щрихьэлIэнущ.

Абхъазым и блэкIамрэ и нобэмрэ кIэщIу къэзыIуатэ щIэнгъуазэр щIэныгъэм и зы лъэбакъуэщIэщ, къэхутэныгъэм лъагъуэщIэхэр пхызыш лэжьыгъэшхуэщ. Абхъаз гуманитар-къэхутакIуэ институтым и унафэщI Ашубэ Ардэ зэрыжиIамкIэ, щIэнгъуазэ кIэщIыр и лъабжьэу бзэмрэ щэнхабзэмкIэ щхьэхуэщхьэхуэу зэужьхэр ягъэхьэзырынущ, абхъаз-адыгэ дунейр нэхъыбэу икIи нэхъыфIу къызэпкърызых тхыгъэхэмкIи ягъэнщIынущ.

- Абхъаз дунейм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр нэгум къыщIэгъэувэгъуейщ, ар къуэпскIэ зыпыщIа адыгэхэмрэ убыххэмрэ хэмыту. НобэкIэ убыххэр я щIыгу имысыжми, я лъэужь къэнащи, зэрыхъукIэ едгъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм абыхэм я щIэиныр хэдухуэнэфын хуейщ. Ар зы лъэныкъуэкIэ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыбгъэдыхьэмэ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэм игъэдахэ, уеблэмэ къалэн къыпщищI Iуэхугъуэхэм ящыщщ гуманитар купщIэ зиIэ щIэныгъэхэм зэщхьу хэлъыр зэрыхъукIэ нэхъыбэу къыхэгъэщыныр. Дэ диIащ щIэныгъэрылажьэ лъэрызехьэхэр, адыгэбзэм е абхъазыбзэм и щхьэхуэныгъэхэр щаджкIэ, я лъапсэгъу бзэхэм я уней нэщэнэхэр хэмыту я лэжьыгъэр утыку къуамылъхьэу. Апхуэдэт, псалъэм папщIэ, Шагъыр Iэмин, Абдокъуэ Iэуес, Шакрыл зэшыпхъухэу Тамарэрэ Екатеринэрэ, Дидзарие Отар, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэ дыдэт IуэрыIуатэм елэжь щIэныгъэрылэжьхэмр, лъэпкъ щIэныгъэм къэхутэныгъэ купщIафIэхэр езыщIылIэхэри. Ар хабзэ дахэт, ар мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэт. Шагъыр Iэмин и унэ уихьамэ, абхъазыбзэ щызэхэпхырт, абы и гъэсэну щыта Дзидзарие Отар апхуэдизкIэ адыгэбзэм пщIэ хуещIри, лэжьыгъэ щIагъуэ ирigъэкIуэкIыркъым, абы и щапхъэхэр и къэхутэныгъэ шыбзэм щIимыгъэкIауэ. Дунейм къытехьа «Абхъаз щIыналъэ» щIэнгъуазэм дэ нэрылъагъу тщищIащ къалэн щхьэхуэрэ унэтIыныгъэ пыухыкIарэ иIэу гуманитар щIэныгъэхэмкIэ лэжьыгъэ щхьэхуэ егъэкIуэкIын зэрыхуейр. Апхуэдэ гукъэкI уэзыгъэщI щIэнгъуазэм и пщIэр инщ, сыщогугъ ар ди къуэш адыгэхэм яIэрыхьэмэ, зи гугъу тщIы жэрдэмымкIэ къыткъуэувэу лэжьыгъэ дахэ зэдэтщIэну. Ауэ сытми къагъэнакъым ди нэхъыжьхэм мы псэлъафэр: узэкъуэтмэ, улъэщщ, - жиIащ Ашубэ Ардэ.

ЩIэнгъуазэ кIэщIыр и бжыгъэкIэ 2000 хъууэ къыдэкIауэ аращ. Ар ящэнукъым, ауэ тхылъ хъумапIэхэм, библиотекэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм хузэбгратыкIынущ.

Тхыгъэри сурэтри
ШУРДЫМ Динэ *ейщ.*

Дунейм щыхъыбархэр

Iуэхум йохъулIэ

УФ-м и Президент Путин Владимир Кремлым щыхуэзащ Урысейм и «Сбербанк»-м и унафэщI Греф Герман. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ блэкIа илъэсым банкым и лэжьыгъэр зэрекIуэкIам.

ГРЕФ Герман къыхигъэщащ биометриемкIэ щыIа гугъуехьхэр псори зэрызэфIахар икIи абыкIэ Урысейр адрей къэралхэм япэ зэрищар. «БиометриемкIэ ахъшэр зэрызебгъакIуэ терминалу къэралым щагъэуващ зы мелуанрэ мин 200-рэ. Илъэсрэ ныкъуэм къриубыдэу а унэтIыныгъэмкIэ зы гъэпцIагъи ялэжьакъым», - жиIащ абы.

Банкым и унафэщIым къызэригъэлъэгъуамкIэ, IуэхущIапIэм къабзэу иIэ хэхъуэр проценти 6-кIэ нэхъыбэ хъуащ - сом зы триллионрэ мелард 580-м нэсащ. Я ехъулIэныгъэхэм щыщщ Сбербанкым и IуэхутхьэбзэхэркъэзыгъэсэбэпхэмИ я бжыгъэм зэрыхэхъуэри: цIыхуу мелуани 110-рэ, компаниеу мелуани 3,5-рэ мэхъу.

Къапэщыт гугъуехьхэм я гугъу щищIым, Греф Герман къыхигъэщащ ипотекэ кредитымкIэ я Iуэхур нэхъ тIасхъэу зэрыщытыр, ауэ абы и лъэныкъуэкIи зэгурыIуэныгъэ нэхъыбэ езыгъэкIуэкIхэм ящыщщ Сбербанкыр.

«Мы Iуэхум щынэхъыщхьэр банкым ипотекэ щиткIэ цIыхухэм щытыкIэр нэхъ гугъу зэращимыщIынырщ, псалъэм папщIэ, нэхъапэкIэ зыщымыгъуазэу щыта, ахъшэ лей зытекIуэдэнкIэ хъуну Iэмалхэр къыхэмылъхьэнырщ», - жиIащ Путин Владимир.

Бадзэуэгъуэм и 31,
махуэку

♦**1955 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Чым Рашад**.

♦**1964 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор **Бидэнокъуэ Мурат**.

♦**1965 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Жэрыкъуэ Оксанэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 33 - 34-рэ, жэщым градус 23-рэ щыхъунущ.

ШыщхьэуIум и 1,
мэрем

♦**Зи хэку къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэщ**

♦**1958 гъэм** «Iуащхьэмахуэ» журналым и япэ номерыр дунейм къытехьащ.

♦**1967 гъэм** Бахъсэнрэ Тэрчрэ къалэ хъуащ.

♦**1892 гъэм** къалъхуащ КъБАССР-м мэкъумэш IэнатIэм зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Бырс Анзор**.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ **Къущхьэ СултIан**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ зэдзэкIакIуэ, критик, АР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЛъапцIэрыщэ Хъалид**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ юридическэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-мрэ ЭкологиемкIэ, цIыхум и шынагъуэншагъэмрэ щIыуэпсымкIэ дунейпсо академиемрэ я академик, УФ-м щIыхь зиIэ и юрист **Шапсыгъ (КIэкIыхъу) Дамир**.

♦**1953 гъэм** къалъхуащ Хэкум къэзыгъэзэжахэр жылагъуэм хэзэгъэжынымкIэ щадэIэпыкъу унэу Мейкъуапэ дэтым и унафэщI **Бэрзэдж Убых (Нихьэт)**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пIалъэ-пIалъэкIэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 31 - 32-рэ, жэщым градус 24-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Благъэ хъумэнри ху жылэ хъумэнри зэхуэдэщ.

Усэхэр Шэрэдж щоIу

● Пшыхьхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Жан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и деж а фIэщыгъэ дыдэр иIэу щылажьэ литературэ клубым, Шэрэдж районым и ЦIыхубзхэм я зэгухьэныгъэр щIыгъуу, зэIущIэ гуапэ ирагъэкIуэкIащ. Ар траухуащ куейр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 90 зэрырикъум. Пшыхьыр ЩIалэгъуалэм я Iуэхущ1апIэу Къэщкъэтау дэтым щекIуэкIащ, Шэрэдж муниципальнэ районым и администрацэр, «КъБР-Медиа» IуэхущIапIэр, «Ростелеком» ПАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр я дэIэпыкъуэгъуу.

IУЭХУР зэхаублауэ щытащ 2017 гъэм икIи абы лъандэрэ йокIуэкI щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэм усэ къыщеджэн хабзэфIыр. УсакIуэ, тхакIуэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, «Жан» литклубым и унафэщI Къаныкъуэ Заринэ иригъэжьа «Круговорот поэзии» проектым щыщ зы Iыхьэщ «Чтения на Череке» зи фIэщыгъэр. Илъэс къэс абы и лэжьыгъэм къыхохьэ цIыхущIэхэр - тхакIуэхэр, усакIуэхэр, журналистхэр, егъэджакIуэхэр, артистхэр, библиотекэхэм я лэжьакIуэхэр. Iуэхум и тхыдэ къулей иIэжщ, тхыгъэ Iэджэ тратхыхьащ, сурэту трахахэр щэ бжыгъэ мэхъу.

Районым щыщ усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ я гугъу ящIащ «Горянка» газетым и лэжьакIуэ Щэрдан Лилианэрэ (адыгэхэм) «Нюр» журналым и редактор нэхъыщхьэ Сабанчиевэ Арипарэ (балъкъэрхэм). Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Мечиев Кязим, IутIыж Борис, Уммаев Мухьэжыр, Моттаевэ Светланэ, Бегиев Абдуллэхь, Казаков Борис, Хьэх Сэфарбий, Бицу Анатолэ, Журт Биберд, Мыкъуэжь Анатолэ, Табаксоев Мухътар, Алафаев Алим, Османов Хьыйсэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Мы гъэм пшыхьым усэ къыщеджэу хэтащ Шэрэдж районым и ЦIыхубзхэм я зэгухьэныгъэ Бозиевэ Залинэ зи унафэщIымрэ къуажэхэм щыщхэмрэ. Хабзэ зэрыхъуауэ, пшыхьым усэхэр щыIуащ адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ «Круговорот поэзии»-м зэпымыууэ хэт Байсултановэ Инарэ. Абы къыщыпсэлъахэщ Шэрэдж район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Ефэнды Тарезэ, Къаныкъуэ Заринэ, Бозиевэ Залинэ, Балъкъэр Ипщэм и ЦIыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и гуащэ Цраевэ Любовь, Сабанчиевэ Арипа, «Солнышко» журналым и редактор нэхъыщхьэ Жэрыщты Залинэ сымэ. ХьэщIэхэр хэгъэрейхэм ехъуэхъуащ я щIыналъэм мамырыгъэр щытепщэну, дяпэкIи зиужьыну.

Усэ къыщеджэ Iыхьэр къызэIуахащ районым и школакIуэ цIыкIухэм. Сабийхэр ягъэгуфIащ Iуэхум зи мылъку хэзылъхьахэм, клубым, цIыхубзхэм я зэгухьэныгъэм къабгъэдэкI саугъэтхэмкIэ. Зэхьэзэхуэ щIыкIэм тету екIуэкIа усаджэм хэтынухэр гупитI зэрищIыкIри, зым «Азалия», адрейм «Ромашка» зыфIащыжащ. Абыхэм я усэ къеджэкIэр (гукIэ зэращIэмрэ гъэхуауэ къызэреджэмкIэ) къапщытащ Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я Къэбэрдей-Балъкъэр зэгухьэныгъэм и унафэщI Шинкарёвэ Натальe, Ефэнды Тарезэ, Сабанчиевэ Арипа сымэ. Унагъуэмрэ лъагъуныгъэмрэ, анэмрэ анэшхуэмрэ, мамырыгъэмрэ гуапагъэмрэ теухуа усэт зэIущIэм и лъабжьэр. Ахэр хэмыту уи нэгу къыпхущIэгъэхьэну щIыналъэм и зыужьыныгъэр?!

Зэпымыууэ жыпIэкIи ущымыуэну Iуэхум хэт Щомахуэ Дарье, Мазуренкэ Маринэ, Iэпщэ Анзор сымэ къеджащ езыхэм я IэдакъэщIэкI усэхэм. Зы илъэси дэкIыркъым «Круговорот поэзии» зэIущIэм зы щIэ гуэркIэ димыгъэгуфIэу. Мы гъэм ар анэм теухуауэ езым зэхилъхьа усэм къеджа Мусуковэ ФатIимэтщ.

ЗэIущIэм зэныбжьэгъугъэр щытекIуащ. НэгъуэщIуи щытыфынутэкъым, сыту жыпIэмэ усэ къеджа дэтхэнэ зыми къыхихар и гум дыхьэ, и псэм фIэдахэ сатырхэрат.

ЗэIущIэм и кIэухыу Бозиевэ Залинэ жиIащ Къэщкъэтау дэт школым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Кульбаевэ Ларисэ и унафэщIу, районым литературэ клуб къызэрыщызэIуахыр. «Усыгъэр къэхъугъэ телъыджэщ. Дунейм нэгъуэщIынэкIэ дрегъэплъ абы, щIэ Iэджэ къытхузэIуех, зыдегъэгъэпсэху, дегъэхъуапсэ. Литературэ клубым ди псэкупсэр нэхъ бей зэрищIынум шэч къытесхьэркъым», - жиIащ Ларисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм щылажьэхэр жыджэру хэтащ зэIущIэм. «Советская молодёжь» газетым и редактор нэхъыщхьэ Суановэ Залинэ тепсэлъыхьащ ди республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ.

Iуэхур зэрекIуэкIыр эфир занщIэкIэ къыщагъэлъэгъуащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм Интернетым щиIэ напэкIуэцIымрэ ВК соцсетымрэ.

Тхыгъэри сурэтри зейр **ИСТЭПАН Залинэщ.**

● Футбол

Нэхъ дызыпэплъар ягъэIэпхъуащ

Тхьэмахуэ блэкIам Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм щызэIущIэн хуеят Алътуд и «Искра»-мрэ «Тэрчымрэ». Псынэдахэ и «Родник»-м дэщIыгъуу ахэращ мы гъэм чемпионыгъэм щIэбэныр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, а зэIущIэр ягъэIэпхъуащ.

И хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэм зэрызагъэпсэхуар къигъэсэбэпри, Дзэлыкъуэ районым и командэ нэхъыфIым зэпеуэм бжыпэр щиубыдыжащ. Абы Псынэдахэ бжыгъэшхуэкIэ щыхигъэщIащ Бабугент къикIа «Логоваз»-р.

Балъкъ Iуфэ щыфIахьащ псыгуэнсудэсхэми. Абыи «Малка»-р бжыгъэшхуэкIэ щытекIуащ.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэр хьарзынэу езыгъэжьа Шэджэм и «Черкес»-м къыщыщIар гурыIуэгъуэкъым. Ар етхуанэу зэкIэлъхьэужьу, иджы «Нартаным», къыхагъэщIащ.

ДжэгугъуитI хъуауэ гъуащхьауэ нэхъыфIхэр щымщ. Абыхэм я зэпеуэм аргуэру зыми зыщихъуэжакъым. Тэрчдэс Iэщын Аслъэн пашэныгъэр зэриIыгъщ, мыгъэрей зэхьэзэхуэм 15-рэ къыщыхэжаныкIауэ. Зы топкIэ абы къызэрыкIэрыхущ «Родник»-м щыщ Урысбий Ратмир.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **3**:**1**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **4**:**1**, «**Черкес**» (Шэджэм) - «**Нартан**» (Нартан) - **1**:**6**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**Урыху**» (Урыху) - **6**:**2**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Логоваз**» (Бабугент) - **6**:**0**.

ДызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: *шыщхьэуIум и 2-м* - «Нартан» - «Тэрч», «Бедик» - «Логоваз», «Ислъэмей» - «Искра»; *шыщхьэуIум и 3-м* - «Родник» - «Черкес», «Псыгуэнсу» - «Спартак-Д», «Малка» - «Урыху» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	**13**	**12**	**0**	**1**	**66-10**	**36**
2. «Тэрч»	**12**	**11**	**0**	**1**	**45-5**	**33**
3. «Икра»	**12**	**10**	**1**	**1**	**43-11**	**31**
4. «Нартан»	13	7	2	4	45-35	23
5. «Ислъэмей»	13	7	0	6	36-36	21
6. «Псыгуэнсу»	13	6	0	7	28-43	18
7. «Спартак-Д»	14	5	2	7	33-40	17
8. «Бедик»	14	5	1	8	25-48	16
9. «Малка»	14	5	0	9	24-34	15
10. «Черкес»	14	3	3	8	25-44	12
11. «Логоваз»	13	2	1	10	15-52	7
12. «Урыху»	13	1	0	12	20-47	3

Леонардэ и анэр зэрыадыгэм трауxуэ

Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ центрым иджыблагъэ щызэхэтащ «История черкешенки Катерины - матери Леонарды да Винчи» зэхыхьэр. Ар иригъэкIуэкIащ культурологиемкIэ кандидат, сценарист, дунейпсо литературэ зэпеуэм и саугъэтыр зыхуагъэфэща (Леонардэ теухуа и тхыгъэм папщIэ) Къурашэ Артур.

ЗЭХЫХЬЭМ зыкърезыгъэхьэлIахэр Къурашэ Артур щигъэгъуэзащ сурэтыщI, тхакIуэ, щIэныгъэлI, музыкант цIэрыIуэ Леонардэ да Винчи и анэ Катеринэ и гъащIэм и къекIуэкIыкIам.

Катеринэ (1427 - 1494) илъэс 67-рэ къигъэщIащ. Абы и псэукIар зыхуэдар дунейм къытрамыгъэхьэу лIэщIыгъуэкIэрэ щэхуу екIуэкIащ. И цIэ къудейр хэIущIыIу щыхъуар 1839 гъэрщ. Итальян профессорхэм абы и гъащIэм теухуа тхыгъэщIэ куэд зэманзэманкIэрэ къагъуэтыжащ. Ахэр гъэщIэгъуэн дыдэщ. Леонардэ и анэр зэрыадыгэм итальян щIэныгъэлIхэм лейуэ трагъэчыныхьыркъым, дэфтэрхэмкIэ щIэгъэбыдэжауэ абы теухуа тхыгъэхэр щыIэми.

Леонардэ и адэ да Винчи Пьерэ (1426 - 1504), абы и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ ятеухуауэ щыIэр мащIэ дыдэщ. Ахэр Тосканэ щыщ итальянхэт. Леонардэ 1452 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м къалъхуащ. Тхыдэ къэхъугъэхэмкIэ бей зэмант ар зыхалъхуар.

XIX лIэщIыгъуэм икухэм итальян дэфтэрхэм къыхэнауэ къагъуэтыжащ абы и гъащIэм теухуа IэрытхХэр. А тхыгъэр зи Iэдакъэ къыщIэкIам и цIэр къигъэнакъым. Абы итщ художникым и анэр уэркъ унагъуэм къызэрыхэкIар, ар лъагэу, щхьэцыгъуэу, нащхъуэу, теплъэ зэкIуж иIэу зэрыщытар.

Леонардэ щIэныгъэшхуэ зэрыбгъэдэлъым къыдэкIуэу, гъэсэныгъэ, хьэл-щэн дахэхэри дальагъурт. И теплъэкIэ итальянхэм зыкIи емыщхь щIалэ щхьэпэлъагэр есэпым, макъамэм, гидромеханикэм, химием, физическэ географием, ботаникэм, метеорологием, сурэт щIыным, щIыуэпсым дахьэхырт, гурыхуэт, щIэныгъэм хуэпабгъэрт, тхылъ мин бжыгъэхэр зыщIэлъ библиотекэ ин зэхуихьэсат. ЖыпIэнуракъэ, сыт хуэдэ Iуэху зрипщытми, абы и зэфIэкIым хуэдэ щымыIауэ къалъытэрт. Абы и лэжьыгъэхэм нобиIщIэупщIэшхуэ яIэщ икIи ахэр лъапIэ дыдэщ.

ЩIэныгъэлIхэр зэпымыууэ иризэдауэрт Екатеринэ къызыхэкIам, ар дэнэ щыщми теухуа я Iуэху еплъыкIэхэр зэтемыхуэу, абы и пэжыпIэр зэхамыгъэкIыфу. Щэхур нахуэ хъуным я гугъэр хахыжауэ, Екатеринэ адыгэу зэрыщытам теухуа хъыбарыр зэуэ дуней псом щызэлъащIысащ.

2023 гъэм гъатхэпэм и 14-м Флоренцием и къэрал архивым итальян академикхэмрэ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэмрэ зыхэта дунейпсо пресс-конференц щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ Неаполь щыIэ «L'Orientale» университетым и профессор, итальян тхыдэдж, литературэдж, Леонардэ и творчествэм нэхъыфI дыдэу хэзыщIыкIыу къалъытэ Вечче Карлэ и Iэдакъэ къыщIэкIа «Il Sorriso di Caterina» («Катеринэ и гуфIэкIэр») тхыдэ романым. Тхыдэджым къызэхуэсахэм абдеж щажриIащ Леонардэ и анэр адыгэ уэркъ унагъуэм къызэрыхэкIам, ар Кавказым къыщадыгъуу, пщылIу зэращам теухуа хъыбарыр.

«Леонардэ и анэр Шэрджэсым щыщ адыгэ пщащэт, къадыгъури, пщылIу ягъэлэжьэну зыбжанэрэ ящэжащ, Константинополь къикIыу, япэщIыкIэ Венецием, иужькIэ Флоренцием къэсыху. Флоренциерщ абырэ Леонардэ и адэмрэ щызэхуэзар», - жиIащ Вечче.

1452 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м нэчыхьыншэу къуэ къыхуилъхуат флорентийскэ нотариус Пьеро да Винчи. Катеринэ щхьэхуит хъужащ, Леонардэ дунейм къытехьэу мазих дэкIа нэужь. Флоренцием и къэрал дэфтэрым Вечче къыщигъуэтыжат «УнэIут Катеринэ щхьэхуит зэрыхъужар» тхыдэ тхыгъэри. А щыхьэт тхылъыр Леонардэ и адэ, нотариусу щыта Пьерэ 1552 гъэм щэкIуэгъуэм и 2-м зэхигъэуват. Леонардэ и анэм и адэм и цIэри - Екъуб - къагъуэтыжащ. Адыгэ бзылъхугъэр иужькIэ Бутти Антонио дэкIуэжри, Винчи пэмыжыжьэу псэуащ, сабиитхуи къилъхужащ - хъыджэбзиплIрэ зы щIалэрэ. Катеринэ 1494 гъэм Милан щылIащ икIи и къуэ Леонардэ щIилъхьэжащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КъБР-м щыIэ МВД-м и къалэнышIэхэр

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеслав иригъэкIуэкIащ 2025 гъэм и япэ мазихым я лэжьыгъэм кърикIуахэр щызэхалъхьэжа зэIущIэ.

АР къызэIуахащ Iуэху гуапэкIэ. Урысей Федерацэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм пщэрылъ къыщащIахэр зэфIэхыным жыджэру зэрыхэтам папщIэ щIыхь тхылъхэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ иратащ КъБР-м и Парламентым и депутатым и дэIэпыкъуэгъу Адыгэунэ Анжелэ, Республикэм и Гуащэ театрым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Гонтарь Людмилэ, «Лэгъупыкъу» сабий социальнэ центрым и унафэщI, полицэм и полковник Тембот Владимир сымэ.

Я къалэнхэр хьэлэлу зэрагъэзащIэм, лэжьыгъэм ехъулIэныгъэхэр зэрыщаIэм папщIэ Урысей МВД-м, КъБР-м щыIэ МВД-м я щIыхь тхылъхэр, Урысей Федерацэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министрым и фIыщIэ тхылъ, медаль зэмылIэужьыгъуэхэр, фIыщIэгуапэ тхылъхэр Урысей МВД-м и район къудамэхэм я лэжьакIуэхэм, къэралым Зыхъумэжынымкlэ и министерствэм и ПВО-м и дзэхэм я дивизионым и унафэщIым къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъыр хуагъэфэщащ Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ Управленэм и унафэщI, полицэм и полковник Геграев Марат.

Министерствэм и лэжьыгъэм кърикIуахэм ятеухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м щыIэ МВД-м и штабым и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Егоровэ Натальe. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, зриплъэж лъэхъэнэм яхузэфIэкIащ хабзэншагъэу ялэжьыр гъэмэщIэныр. Къапщтэмэ, хъыбартелекоммуникацэ технологиехэр къагъэсэбэпу, апхуэдэуи экономикэм ехьэлIауэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэу къыщIагъэщым хэхъуащ.

АдэкIэ Крючков Вячеслав зыIууэ гугъуехьхэр къигъэлъагъуэри, къапэщылъ я лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр игъэнэIуащ.

- Ди къалэн нэхъыщхьэр, ипэкIи хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынырщ, жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэр дэIыгъынырщ. Си фIэщ мэхъу къытпэщылъ къалэнхэр адэкIи нэхъыфIыжу зэрызэфIэтхынур, - жиIащ министрым.

КъыкIэлъыкIуэу къэпсэлъахэщ министерствэм и IэнатIэхэм, Урысей МВД-м и район къудамэхэм я унафэщIхэр.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ Крючков Вячеслав къаIэта Iуэхухэр пхыгъэкIыныр къалэн ящищIащ IэнатIэхэм я унафэщIхэм.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Дыгулыбгъуейм и лъэпкъ зэпеуэхэр

Илъэс тIощIым щIигъуауэ Дыгулыбгъуей къуажэм щокIуэкI топджэгумкIэ зэхьэзэхуэ хьэлэмэт. Абы щызэпоуэ жылэм и лъэпкъ нэхъ инхэм я футбол командэхэр.

«ДЕМОГРАФИЯ» (иджы «Унагъуэ») лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ Бахъсэн къалэм дэт курыт еджапIэ №11-м щаухуа Физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфIакIуэ комплексым иджыблагъэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэм хэтащ футболист 350-м щIигъу къызэщIэзыубыдэ гуп 30. Зэпеуэр къызэIуахащ Абазэхэрэ Багъэтырхэр я зэпэщIэтыныгъэ гуащIэкIэ. АдэкIи зэныкъуэкъуныгъэр жэщыбг хъухукIэ увыIакъым.

Я хьэрхуэрэгъу псоми ефIэкIри, кIэух зэIущIэм нэсащ Пекъухэрэ Къуэдзокъуэхэрэ я футбол командэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, мыбдежым бэнэныгъэ щIагъуэ щыIакъым. Финалым нэсыхукIэ я къарур къаIэщIэухами е къапэщIэтахэр апхуэдизу лъэщами хэт ищIэн, ауэ Пекъухэ Къуэдзокъуэхэ бжыгъэшхуэ дыдэкIэ, 12:1-уэ, къапикIуэтащ.

Апхуэдэу щыхъуми, ещанэ увыпIэм щIэбэнахэр хуабжьу зэныкъуэкъуащ. Джэгум хухаха зэманыр зэрытемыгъэкIуауэ, 3:3-уэ иухати, нэхъ лъэщыр пенальти еуэнымкIэ зэхагъэкIащ. Абы Бещтохэ я командэр БжыкIшийхэ ейм 4:3-уэ щефIэкIащ.

Лъэпкъхэр зэкъуэгъэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ топджэгу зэхьэзэхуэщ Дыгулыбгъуей щекIуэкIар. Абы щытекIуа Къуэдзокъуэхэ я гупымрэ (сурэтым) къыхэжаныкIахэмрэ кубокыр, грамотэхэр, медалхэр, саугъэт зэмылIэужьыгъуэхэр хуагъэфэщащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Алиментхэр итыркъым

● Прокуратурэ

Май районым и прокуратурэр арэзы техъуащ щIыпIэм щыпсэу, илъэс 29-рэ зи ныбжь щIалэм УФ-м и УК-м и 157-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ зэрагъэкъуаншэм.

АБЫ балигъ мыхъуа и пхъур пIыным ехьэлIа ахъшэр итакъым 2024 гъэм и жэпуэгъуэм къыщыщIэдзауэ 2025 гъэм и мэкъуауэгъуэр хыхьэу икIи а пIалъэм къриубыдэу сом мин 53-м щIигъу къытехуащ, ауэ щыхъукIи щIыхуэу телъыр сом мин 470-м щхьэдэхащ.

Уголовнэ Iуэхур судым ягъэхьащ.

Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар зы илъэсым нэскIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

Илъэс куэдкIэ хьэлэлу пэрыташ

Урысей МВД-м Аруан районым щиIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм гулъытэ хуащIащ илъэс 85-рэ ныбжьыр зыгъэлъапIэ, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я ветеран, капитан Мэрзалы Мухьэрбий Чэмал и къуэм.

АРУАН ОМВД-м и унафэщI, полицэм и подполковник Жантуев Заур ветераным фIыщIэ хуищIащ илъэс куэдкIэ купщIафIэу къалэныр зэрырихьэкIам, лэжьакIуэщIэхэр IэнатIэм хэзэгъэнымкIэ Iуэху щхьэпэ куэд зэрыригъэкIуэкIам папщIэ, узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыгъэ иIэу псэуну ехъуэхъуащ.

- Уи зэфIэкIыр уасэншэщ, уи гъащIэ псор щIэблэщIэм я дежкIэ щапхъэ нэсщ, - къыхигъэщащ Жантуевым.

Хъуэхъу псалъэ гуапэхэм къыпищащ Аруан районым и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Анимокъуэ Леонид.

ХьэщIэхэм юбилярым IэщIалъхьащ фIыщIэ письморэ фэеплъ саугъэтхэмрэ.

Мэрзалы Мухьэрбий Урысей МВД-м Аруан районым щиIэ къудамэм и унафэщIхэм псалъэ гуапэхэр яхужиIащ нэхъыжьхэм гулъытэ, пщIэ зэрыхуащIым папщIэ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариан-нэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтыщхэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымi уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.219
Заказыр №1632

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 2-нэ нап.),* **Елмэс ФатIимэ** *(3, 4-нэ нап.).*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.